



# Kontra pou yon lòt anviwònman ak yon lòt sosyete an Ayiti





Pwojè sila dirije pa Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement - GAFE



© Groupe d'Action Francophone pour l'Environnement  
Tout dwa resève, mas 2022

Atik 27 (D.9 janvye 1858) – Nenpòt moun kita pibliye, repwodwi, èkspoze oswa lakòz yo reprezante yon travay atistik, san konsantman alekri otè a, eritye li yo oswa moun ki gen dwa, se koupar de ofans nan kontrefè epi yo pral pouswiv ak pini, an akò ak dispozisyon atik 347, 348, 349, 350 ak 351 nan Kòd Penal la.

**KONTRA POU TRANZISYON  
EKOLOJIK AK SOSYAL  
AYITI 2021**

# Sijè ki devlope yo

Analiz kontèks .....	4
Enterè ak defi yo nan Kontra pou Tranzisyon Ekolojik ak Sosyal .....	7
1 - KLIMA AK BYODIVÈSITE.....	9
Mezi 1.1 : Mete Edikasyon anviwònman nan lekòl yo atravè Komisyón Minisipal Edikasyon .....	12
Mezi 1.2 : Edikasyon anviwònman ak mezi pwoteksyon anviwònman .....	14
Mezi 1.3 : Òganizasyon deba publik yo sou pwoblematik anviwònman lokal ak jesyon resous natirèl yo (lachas, lapèch, pwodwi chimik pou touye ti bêt nwizib, espès bète ak plant k ap disparèt) .....	16
Mezi 1.4 : Kreyasyon yon pepinyè kominal .....	18
Mezi 1.5 : Kreyasyon yon forè kominal (espas rezèv).....	21
Mezi 1.6 : Mete kanpe yon komisyón kominal pou jere fatra .....	23
Mezi 1.7 : Planifikasyon devlopman territoryal .....	25
2 – JISTIS SOSYAL AK SOLIDARITE.....	27
Mezi 2.1 : Entèaksyon ant aktè lokal yo (fi/gason), Otorite lokal, divès asosyasyon ak òganizasyon baz yo.....	30
Mezi 2.2 : Ranfòsman fanmi an .....	32
Mezi 2.3 : Patisipasyon ak angajman travayè sosyal yo nan desizyon kolektivite territoryal yo .....	34
3 – DEMOKRASI AK SITWAYÈNTE.....	35
Mezi 3.1 : Edikasyon sitwayènte angaje – Fòmasyon sou dwa moun nan lekòl ak nan òganizasyon kominotè baz ak peyizan yo .....	38
Mezi 3.2 : Respekte epi fè respekte Libète Lapawòl.....	40
Mezi 3.3 : Integrasyon sitwayen yo (fi / gason, jèn, fanm ..., tout kategori ...) nan patisipe nan espas konsètasyon ak plent pou fòmile politik publik ak ranfòsman dinamik territoryal yo.....	41
Mezi 3.4 : Konstriksyon ak mete anmach yon demokrasi lokal ak tout kategori sektè san divize politik, nan sèvis tout popilasyon an.....	42
Mezi 3.5 : Rann kont sou jesyon lokal la, Asire popilasyon an enfòme sou tout desizyon ki pran nan nivo lokal ak sa ki konsènen teritwa li.....	44
4 – ADMINISTRASYON PIBLIK.....	47
Mezi 4.1 : Bon gouvènans finansye.....	48
Mezi 4.2 : Jwenn sèvis.....	50
Mezi 4.3 : Bon fonksyònman administrasyon piblik la .....	52
Mezi 4.4 : Bon gouvènans territoryal .....	53
Mezi 4.5 : Angajman sitwayen .....	54

5 – EKONOMI .....	55
Mezi 5.1 : Jwenn Enfrastrikti yo .....	57
Mezi 5.2 : Jwenn mache.....	59
Mezi 5.3 : Mete patrimwàn yo anvalè .....	60
Mezi 5.4 : Pwodiksyon, Transfòrmasyon, Komèsyalizasyon .....	61
Mezi 5.5 : Resèt fiskal .....	63
Bibliyografi .....	64
Anèks 1 – Dekrè 2006 sou kad jeneral desantralizasyon sou pouvwa teknik kolektivite territoryal yo .....	68
Anèks 2 : Lis 459 sitwayen ak 442 sitwayèn ki mèt tèt ansanb pou fè Kontra pou Tranzisyon Ekolojik ak Sosyal..	74

## Analiz kontèks

« Demach konsyantizasyon se dinamik yon gwooup moun k ap viv yon menm sitiyasyon, k ap sibi swa represyon ouben esklizyon, ki mennen yo vin pran konsyans pou libere tèt yo, bay tèt yo yon pwojè ansanm.

« Soti nan sitiyasyon « yon gwooup k ap dòmi », pase nan « yon gwooup k ap parèt » pou rive nan « yon gwooup ki pran konsyans » idantite li, sa vl di ki pare pou fè konnen ekzistans li, fè konnen li, epi patisipe nan rapò moun ak moun »  
(Dumas, 2004, p. 74)

Reyalite politik, sosyal, ekonomik, Kiltirèl ak eta anviwònman Ayiti kesyonnen ak fòs fanm ak gason, lè yon sitwayen angaje, konsyantize nan konba pou chwazi lib-e-libè, ki kalite rejim politik yo vle pou peyi a. Malgre kriz politik yo, konsekans dirèk rapò ant sosyete a ak leta santralize pwotektè a, li klè, veritab pasaj nan transfòmasyon peyi a ap rive kanmenm gras ak yon revèy sitwayen angaje ; L ap rive tou nan rapò kòt-a-kòt ak pouvwa lokal yo, ni nan benefis, metriz teritwa a, ni nan pran epi patisipe ak kominote yo, nan politik publik yo.

Pandan twa (3) dènye syèk yo, anpatikilye pandan peryòd okipasyon ameriken 1915 la, Ayiti te viv yon kous enfènal nan ratibwaze anviwònman li, se te konsekans yon bann ak yon pakèt politik publik ki te swa deyò, ki pa t kadre ditou ak reyalite teritwa a epi ki lakòz destriksyon espas vital ak byodivèsite a.

Leta ti klan yo, Leta santralize a, se mwayen pou repwodwi sistèm esklizyon an, mete deyò majorite popilasyon a patikilyèman nan tabli politik publik ki kapab atake defi peyi a.

- Devan degradasyon kondisyon lavi majorite popilasyon ayisyen an, fi kou gason ;
- Lè nou konsidere prèske pa gen konfyans ant otorite Leta yo, patikilyèman nan nivo pouvwa santral ak sitwayen yo (fi kou gason) ;
- Lè nou konstate nan ki pwen espas vital la delabre, anpatikilye byodivèsite a, ak anviwònman nou ;
- Lè nou gade wotè sitiyasyon esklizyon ak jan sosyete nou an majinalize ;
- Lè nou konsidere, li lè li tan pou sitwayen yo, fi kou gason, angaje yo na redrese peyi a nan nivo lokal, depatmantal ak nasyonal ;
- Lè nou konsidere jan peyi a pa granmoun tèt li, epi jan kominote entènasyonal ap foure bouch li nan zafè peyi a nan yon nivo ki pa t janm rive depi listwa n kòm pèp ;

- Li enpòtan pou n ranmase pakèt kesyon sa yo ki dwe mennen nou nan chache amoni epi konstwi yon nouvo altènativ pou sitwayen yo ;
- Kijan pou nou devlope mouvman sitwayen ki ka reprann souverènte nasyonal nou pou konstwi yon LETA nan sèvis sitwayen yo, fi kou gason ? Kijan pou n devlope batay dekolonize pou defann enterè nasyonal yo epi devlopman richès peyi a pou patisipe nan konstriksyon byennèt tout moun ?
- Kouman pou n enflyanse tabli bonjan politik publik pou leve defi degradasyon anrale anviwònman an, diminisyon byodivèsite a ak efè chanjman klimatik yo ?
- Kijan pou n garanti yon dinamik devlopman lokal atravè yon dyalòg ant konesans yo, ant nivo pouvwa a ak aktè lokal yo ?

Defi yo global, konsekans yo lokal, enben batay yo dwe batay estratejik antan n ap konsidere diferan dimansyon / aspè pwoblèm nan : politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl.

Yon gwo defi pou n atake, se nivo òganizasyon estrikti aksyon sitwayen an. Pou fè sa nou mete sou pye espas refleksyon estratejik epi konstriksyon aksyon tout moun pou transfòme desten nou kòm pèp.

Plizyè dispozisyon Lalwa gen tan pran pou garanti dinamik desantralizasyon peyi a ak pèmèt kolektivite territoryal yo gramoun tèt yo :

- Konstitisyon 29 mas 1987 ;
- Lwa 28 mas 1996 sou òganizasyon Kolektivite Territoryal Seksyon kominal ;
- Lwa 18 jen 1996 ki kreye yon fon jesyon ak devlopman Kolektivite Territoryal yo (FGDCT) ;
- Dekrè 1<sup>e</sup> fevriye 2006 ki fikse kad jeneral desantralizasyon ak prensip òganizasyon ak fonksyònman Kolektivite territoryal Ayiti yo ;
- Dekrè 1<sup>e</sup> fevriye 2006 ki fikse òganizasyon ak fonksyònman seksyon kominal, dapre Konstitisyon an ak nan bi pou founi popilasyon an yon pi bon sèvis, tankou devlopman lokal ak demokrasi ;
- Dekrè 1<sup>e</sup> fevriye 2006 ki fikse òganizasyon ak fonksyònman Kolektivite Minisipal, Komin oubyen Minisipalite ;
- Dekrè 1<sup>e</sup> fevriye 2006, ki fikse règ ak prensip pou fonksyònman Kolektivite depatman yo dapre Konstitisyon an.

Anèks 1 montre sou fòm tablo, pataj responsabilite selon chan pouvwa la pou Seksyon Kominal, Komin ak Depatman yo.

Men tou gen lòt dispozisyon legal pou pwoteje anviwònman an, byodivèsite a, espas vital Ayiti :

- Dekrè 12 oktòb 2005 sou Jesyon Anviwònman ak Règ kondwit Sitwayen yo (fi / gason) pou yon devlopman dirab ;
- Arete 10 jiyè 2013 ki entèdi pwodiksyon, enpòtasyon, komèsyalizasyon ak itilizasyon pwodwi an polyetylèn yo, entran ak bagay an polistirèn ekspanse, elt.

Jounen jodi a, li fasil konstate aplikasyon tèks lwa sa yo pa yon priyорite.

Kouman nou ka esplike parès Leta ayisen nan aplike dispozisyon Lalwa sa yo, limenm te adopte, menmsi se te sou presyon aktè nan sosyete civil la ?

Kouman sitwayen, fi kou gason, kapab ansanm enflyanse nan bon sans transfòmasyon nesesè pou garanti byennèt tout moun ?

Devan Leta k ap pèdi pouwwa I chak jou ak fòs reprezantasyon I, ki pa konsènen nan enterè jeneral, divès sektè angaje yo nan konstriksyon mouvman sitwayen yo pou patisipe nan chanjman ak plizyè aksyon sitwayen nan tout peyi a. Se konsa pou nou tabli **Kontra pou Tranzisyon Ekolojik ak Sosyal** la, ki dwe depase yon senp dokiman, men ki dwe yon pwo-lonjman yon mouvman sitwayen ki ap kontribye nan rann pèp ayisen vin granmoun tèt li tout bon vre.

Kontra sa a gen 5 gwo chantye, chantye sa yo konsènen tout mouvman k ap travay pou diyite moun, solidarite, byennèt tout moun, konsèvasyon byodivèsite, yon modèl gouvènans patisipasyon, transparans, epi sitou nan mete kanpe politik biblik pou garanti jistis sosyal. Konsa, nan 5 pati sa yo : **Klima ak byodivèsite, Jistis sosyal ak solidarite, Demokrasi ak Sitwayènte, Administrasyon biblik, Ekonomi**. Nou debat ak adopte yon pakèt pwopozisyon k ap pèmèt nou mete sou pye estrateji sitwayen pou mennen yon pledwaye politik anfavè politik biblik ki soti anndan peyi a « *men tou, fè popilasyon yo, fi kou gason ki konsyantize epi òganize, mobilize devan tout sitiyasyon nou pa dwe aksepte, tout sitiyasyon ki kont dwa ak devwa tout moun rekonèt* » (Dumas, 2004, site nan Masson, 2015).

# Enterè ak defi yo nan Kontra pou Tranzisyon Ekolojik ak Sosyal

Nan rapò final sou eleksyon jeneral 2015 la, misyon obsèvasyon elektoral Inyon Ewopeyen, nou li nan paj 36 : « *Pousantaj patisipasyon yo trè ba nan eleksyon 2015 la : anviwon 22% nan premye tou eleksyon depite ak senatè yo, menmjan ak premye tou eleksyon 2010-2011 la pou pòs prezidan, pousantaj patisipasyon an te 28,62% nan nivo nasyonal, men nan departman Lwès, patisipasyon an te rive sèlman 10%* ». Nan dezyèm tou eleksyon pou pòs prezidan pou lane 2016 la, 18,1% elektè te vote. Jovenel Moïse vin prezidan avèk 590 927 vòt. Politik Ayiti a ap travèse yon kriz lejitimite ak efikasite (koripsyon, enpinite) ki pa gen sanblab, sa parèt aklè, laperèz sitwayen yo gen pou responsab pouvwa publik yo, sa esplike yo pa al patisipe nan eleksyon. Nan kèk ane, Ayiti tounen yon peyi ki nan yon eta dezorganizasyon total, rele yon « anomie ».

*Se yon mo santral nan teyori sosyolojik Emile Durkheim la. Se yon sitiayson kote tout valè, règ nan sisyete a disparèt prèske nèt, kote ki pa gen okenn règ pou bloke kòlè endividé oubén gwoup yo, kote kèk enstitisyón Leta ki la toujou kontwole sèlman kèk teritwa majinal kolektivite a. Pa gen okenn komunikasyon ant konsyans endividé yo ki chita sou règ, pa gen gran enstitisyón sosyal yo, pa gen rapò / relasyon kòmandman / obeyisans yo, pa gen okenn kouch sosyal ki estab. Pou gran chapant moral publik la, fondman pouvwa politik la, ... limenm tou, li kraze fè miyèt moso. Yon kapitalis sovaj, kote tout règ disparèt, okenn pouvwa pa kontwole, ni Leta, ni Lajistis. Yo meprize epi mete sou kote, sisyete ki baze sou lalwa. (Ziegler, 2007, p. 102)*

Abi otorite, gangsterizasyon enstitisyón yo, ensekirite, san pinisyon, se sa ki make I.

Enterè, defi anviwònman yo, sosyal, global, yo egzije yon angajman politik ki fò ak politik publik anbisye. Pou sa, sitwayen yo, fi kou gason, dwe ekzèse devwa sivik yo nan eleksyon, men tou, sèvi ak kapasite yo pou enfliyanse politik publik yo anfavè anviwònman an, demokrasi epi pwopoze solisyon pratik pou pote rezilta.

Pwochen eleksyon yo, nan nivo lokal, lejislativ, nasyonal enpòtan anpil pou pote yon nouvo elan nan politik Ayiti a. Pou sa, sitwayen yo, fi kou gason, òganizasyon sisyete sivil (OSS) Ayiti yo dwe òganize tèt yo pou fè pwopozisyon epi ofri solisyon pratik pou lidè yo. Se tout enterè ak defi kontra pou tranzisyon, ekolojik ak sosyal la : **pouse sitwayen, fi kou gason, jwe wòl yo kou sitwayen angaje, epi reklame plas pa yo nan lavi publik kolektivite yo.**

Nivo lokal la se yon priorite pou transizyon ekolojik, sosyal, ak demokratik la. Kontra sa a gen ladan I yon pakèt mezi pratik pou konstwi teritwa ki pi ekolojik, ak plis jistis. Mezi yo gwoupe otou 5 pwen sa yo :

- **Klima ak byodivèsite** (mezi limitasyon emisyon, gaz a efè desè pwoteksyon espès ak ekosistèm natirèl yo).
- **Demokrasi ak sitwayènte** (dispozitif pou pouse sitwayen yo patisipe nan jeson teritwa a).
- **Jistis sosyal ak solidarite** (egalite fanm-gason, èd pou moun ki pi fèb yo : andikape, òfelen, gramoun yo).
- **Administrasyon publik** (ofri yon sèvis publik ki gen kalite epi san diskriminasyon).
- **Ekonomi** (favorize komès ak lòt aktivite ekonomik ki bay rezulta rapid, yon ekonomi an-bouk, yon agrikilti responsab, elt).

Se 789 sitwayen, fi kou gason ki te patisipe nan 7 rankont ak 3 atelye sitwayen, GAFE te anime, ki te prezante mezi sa yo ant lane 2019 ak 2020 an.

Tout mezi sa yo te rasanble, analize, rezime. Se plizyè gwoup travay, fòme ak plizyè kon-petans ki te reyalize travay la konsa sou mezi yo :

- Konstate si yo reponn egzakteman ak objektif yo epi si yo reyalizab ;
- Verifye si yo koresponn ak travay eli lokal an kesyon an ;
- Ekri yo klè pou tout moun, respekte lide pwopozisyon an ;
- Pwopoze mezi yo.

Apre, kontra a, yon fwa li fin pare nèt, ap tounen sou teren, nan teritwa yo. Sitwayen yo, fi kou gason ap sèvi ak li pou prepare pwochen eleksyon lokal yo. Yo ap remèt yo dokiman an, ki yomenm ap angaje yo (oubyen non), pou yo esplike I, omwens yon pati. Apre eleksyon, sitwayen yo ap veye si kandida eli yo respekte angajman yo.



# 1 - KLIMA AK BYODIVÈSITE



Kit se plant ki pouse natirèlman san moun pa plante yo, kit se sa li plante pou agrikilti, kit se pyebwa, yo tout yo bezwen dlo, lè ak bon tè. Bon tè sa a, se ti kouch ki anlè a sou sòl la. Li genyen yon pakèt ak yon bann ti kò vivan ki nan yon ekosistèm, sa vle di yon bann ak yon pakèt kò vivan ki ap viv ansanm. Bon tè sa a, se ti kouch tè ki plen ak kò sa yo : azòt, fosfò, potasyòm, souf, elt. Li rich tou ak yon pakèt ti kò ak tout kalte bakteri, chanpiyon, pwotozoyè, vè, ak lòt ti bèt elt; yo tout yo patisipe nan resiklaj plant, bèt mouri ak mineral yo pou rejenere lòt òganis vivan tankou plant yo ki enpòtan pou moun, ki manje, dirèkteman (fwi, legim) ou-byen yon fason endirèk lè w manje bèt yo dirèkteman, ki manje plant sa yo.

Tout kò sa yo patisipe nan devlopman lavi plant yo ak lavi bèt yo ki depann sou vejetasyon an. Anplis, ou jwenn an Ayiti kèk zòn natirèl, kote ki difisil anpil pou moun rive. Men, entwodiksyon lòt plant ak bèt ki sòti deyò poko twò deranje yo. Plant ak bèt ki pa t la anvan moun te rive sou zile a, sitou depi rive Ewopeyen yo, gen 500 lane. Zòn sa yo, sou tè, bò lanmè tankou mangwòv yo, plen yon bann varyete bèt ak plant, yo rele « **byodivèsite** ». Byodivèsite a menase poutet espès ki pa nativ peyi dayiti ansanb ak pratik moun yo, sitou pratik koupe pyebwa ansanb avèk boule tè.

Yo obsève an Ayiti, yon debwazman anraje, sa fèt prensipalman pou sèvi ak bwa, chabon bwa pou boule. Debwazman sa a mare ak gwo lapli zòn prensipal nou an mennen nan yon ewozyon tè nou yo ki prèske toutouni. Nan yon peyi mòn tankou Ayiti, ewozyon an mennen yon

fenomèn ravin ki ap pouse bon tè yo pati paske yo pa gen okenn plant ki kenbe yo. Tè mòn yo ale nan plenn, apre yo ateri nan lanmè. Tè yo vini pòv, yo pa bay ase manje, yo pa bay bon rannman.

Nan sijè sa a « Klima ak Byodivèsite » n ap prezante sèt (7) mezi. Yo pa gen pretansyon reponn bezwen yo. Men se omwens imaj ansanm kesyon divès gwoup yo, nou te rankontre atravè peyi a.

- Mezi 1.1 : Mete Edikasyon anviwònman nan lekòl yo atravè Komisyón Minisipal Edikasyon
- Mezi 1.2 : Edikasyon anviwònman ak mezi pwoteksyon anviwònman
- Mezi 1.3 : Òganizasyon deba publik yo sou pwoblematik anviwònman lokal ak jesyon resous natirèl yo (lachas, lapèch, pwodwi chimik pou touye ti bêt nwizib, espès bêt ak plant k ap disparèt)
- Mezi 1.4 : Kreyasyon yon pepinyè kominal
- Mezi 1.5 : Kreyasyon yon forè kominal (espas rezève)
- Mezi 1.6 : Mete kanpe yon komisyón kominal pou jere fatra
- Mezi 1.7 : Planifikasyon devlopman territoryal

## MO KLE

**Anviwònman** : Se espas, kote ni sa k ap viv, ni sa ki p ap viv rete. Li gen ladan I, moun, bêt yo, plant yo, lòt bagay yo, dlo, tè a, lè ak relasyon tout eleman sa yo antre yo, epi tout bél valè kiltirèl, istorik ak syans natirèl yo.

**Byodivèsite** : « *Divèsite byolojik ouben « byodivèsite » se ansanm espès vejetal yo (tout plant yo) ak espès animal yo (tout bêt yo) ki ap viv sou teritwa yon peyi. Li anbrase divèsite jenetik, divèsite espès yo ak divèsite kote yo ap viv la. Ayiti konsidere tankou youn nan peyi ki pi rich nan Karayib la nan kesyon byodivèsite. Peyi a gen ladan I yon bann ak yon pakèt ekosistèm : forè, (tè, moso tè ak moso bwaze) ; ekosistèm bò lanmè ak nan lanmè (mang yo, resif koray yo, anbouchi, zèb lanmè, gwo lanmè ; ekosistèm dlo sou tè a (lak, letan, rivyè, sous, zòn marékaj).*  » (Cadet, 2012, p. 40)

**Desantralizasyon** : Sistèm òganizasyon estrikti administrasyon Leta a kote otorite publik la pataje, pouvwa desizyon an ale nan men diferan ògàn otonòm lokal oubyen rejjonal.

**Devèisman**: Jete fatra likid, solid oubyen gaz nan anviwònman an.

**Devlopman dirab** : Se yon tèm ki parèt pou premye bwa nan « Rapò Brundtland » ki gen ti non « Lavni Komen Nou » (Komisyón Mondyal Anviwònman ak Devlopman, Nasyonzini, 1987), kote yo defini I tankou, « devlopman ki satisfè bezwen kounye a, san yo pa retire nan menm jenerasyon k ap vini yo posibilité pou satisfè pwòp bezwen pa yo ».

**Ekoloji** : Syans ki etidye relasyon ant eleman vivan : moun, bêt, plant yo ak milye natirèl yo.

**Ekosistèm**: Se yon ti moso espas lavi ki byen idantife, ekzanp : yon forè, yon letan, yon larivyè, ak plant, bêt k ap viv ladan yo. Se yon sistèm ki regle poukout li gras ak aksyon, youn sou lòt : eleman vivan ak eleman vivan, ak eleman ki pa vivan yo.

**Emisyon** : Jete gaz, likid oubyen kèk matyè solid nan dlo, nan lè ak sou tè a.

**Emisyon gaz-a-efè-sè** : Jete nan atmosfè a gaz konpozisyon li patisipe nan rechofman planète la.

**Ensidans** : Efè yon sèten aksyon koze sou anviwònman an.

**Espas pwoteje** : Espas tè ki mezire, limite, yo rekònèt, jere apati mwayen reyèl: lalwa ak lòt, ki la pou asire pou lontan konsèvasyon lanati ak sèvis ekosistèm nan ak valè kiltirèl ki mare ak li.

**Fatra** : Se tout bagay, likid, solid, gaz, ..., pwopriyetè a pa vle I ankò, paske I pa itil, li oblige jete I. Fatra sa yo kapab degrade natirèlman nan lanati, anprezans divès mikwo-òganis, tankou yo kapab pa degrade oubyen degrade piti piti, yo kapab kòz maladi, lanmò òganis vivan ki ka an kontak ak yo.

**Fatra solid lavil yo** : Se tout fatra, vye matyè yo jete, ki pwodwi nan vil yo, oubyen nan zòn sou kote I yo. Fatra solid lavil yo konpoze ak fatra òganik yo (manje, rès manje, katon, papye, bwa epi anjeneral materyo tankou vè, plastik, metal yo).

**Flò** : Popilasyon tout espès plant k ap viv nan yon espas.

**Fòn** : Popilasyon tout espès bèt k ap viv nan yon espas.

**Kay (abita)** : Tèritwa kote yon espès plant oubyen bèt ap viv.

**Nich ekolojik** : Pozisyon yon òganis okipe : pozisyon yon popilasyon oubyen yon espès anjeneral okipe nan yon ekosistèm.

**Pedoklimatik** : Tèm ki montre relasyon sòl ak klima a.

**Plan Kominal Developman (PKD)** : Dokiman ki tabli estrateji developman komin nan. Li prezante objektif espesyal komin yo ak priyore developman yo, epi mwayen pou ekzekite travay la.

**Plan Lokal Ibanis (PLI)** : Dokiman ki fikse règ planifikasyon ibanis sou teritwa a. PLI a tabli prensipal règ ki aplike pou sèvi ak tè yo (sòl la) sou yon teritwa, espesyalman tankou otorizasyon pou konstwi. Se komin nan ki ekri I, oubyen EPLI (nan ka yon gwoup komin). Apre PLI a fin tabli, yo ka revize I oubyen modifie I.

**Polisyon** : Tout kalite matyè ki sal yon kò, oubyen ki gen yon move efè sou yon kò. Ekzanp : yon bri, reyon yon kò / ki soti yon kote, nan nivo ki pa nòmal, ki ka koze yon risk oubyen yon danje pou sistèm ekolojik la.

**Polyan** : Move sibstans ki la tout kote, ki rann enposib, ki deranje lavi òganis yo. Li gen move efè li sou lavi matyè yo, epi sou atmosfè a menm.

**Sit dechaj sanitè** : Se kote ki la pou eliminasyon final fatra yo. Kote sa a gen anpil mezi ki pran pou diminye pwoblèm ki ka rive. Mezi sa yo, etid enpak anviwònmantal, ekonomik ak sosyal depi planifikasyon ak chwazi kote a, jis rive nan siveye kote a, dire tout dire lavi sit dechaj la.

**6 R** : Se estrateji jesyon fatra yo, li baze sou rediksyon fatra yo nan sous : refize, ranplase, redwi, resèvi, resikle, rebay tè a (konpòs la).

## ***Mezi 1.1 : Mete Edikasyon anviwònman nan lekòl yo atravè Komisyón Minisipal Edikasyon***

<b>Kontèks ak jisti-fikasyon</b>	<p><i>Edikasyon Anviwònman se yon demach kote moun yo ak lokalite yo pran konsyans sou anviwònman yo epi pran konesans valè yo, eksperyans, konpetans, epi tou volonte k ap pèmèt aji, pou kont yo ak angwooup, pou rezoud pwoblèm anviwònman yo kounye a epi pita. (UNESCO, site nan Institut d'éco-pédagogie).</i></p> <p><a href="https://institut-cpegie.be/spip/spip.php?article346#:~:text=%22L%C3%A9ducation%20relative%20%C3%A0%20l'agir%2C%20individuellement%20et%20collectivement%2C">https://institut-cpegie.be/spip/spip.php?article346#:~:text=%22L%C3%A9ducation%20relative%20%C3%A0%20l'agir%2C%20individuellement%20et%20collectivement%2C</a>.</p> <p><i>Degradasyon anviwònman an ap galope san pran souf ; atitid ak konpòtman elèv yo ki se sitwayen demen peyi a, montre yo pa gen respè ditou pou byen komén sa a yo pataje ak lòt yo. Lari a oubyen lakou lekòl elèv sa yo kapab sèvi poubèl, twalèt san jèn. Tablo tristès sa a, mennen nou mande tèt nou ki kalite ERE, ki aplikasyon I nan lekòl ayisyen yo. Kijan MENFP kapab antre pi fon pou pouse chak jèn yo gen bon konpòtman pou yon pi bon jesyon anviwònman yo. Kijan rive fè atitid ak konpòtman sa yo dire ? Nan kèk lekòl, ERE a ekziste, men gen lòt, se kòmsi yo pa konn anyen sou li. Kijan li antre nan pratik pedagojik yo an kalite ak nan aplikasyon li ? Ki konpòtman pwofesè, direktè yo parapò antre ak aplikasyon ERE a nan pwogram lekòl ayisyen ? (Amicy, 2016, pp. 46, 47)</i></p> <p><b>Komisyón Minisipal Edikasyon (KME)</b> an vini pou bay repons sou diferan pwoblèm li konstate nan sistèm edikatif ayisyen an. Se yon komisyón ki tabli nan komin nan pou asire planifikasyon ak swivi edikayson an. Plan operasyon Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl la di : « <i>Nan nivo lokal, ak yon pèspektiv doub nan desantralizasyon sèvis edikasyonèl ak enplike otorite lokal yo nan jesyon edikasyon debaz, Ministè a atravè Direksyon Depatmantal Edikasyon (DDE) pral pran mezi ki apwopriye yo nan kreyasyon an ak aplikasyon, nan chak minisipalite, nan yon Komisyón Edikasyon Minisipal (KME).</i> »</p> <p><a href="http://www.lenational.org/post_free.php?elid=1_CONTENUE/tribunes&amp;reb mun=448">http://www.lenational.org/post_free.php?elid=1_CONTENUE/tribunes&amp;reb mun=448</a></p> <p>Nan kad aksyon ki gen pou objektif ranfòse kapasite jèn elèv nan domèn anviwònmantal, li krisyal pou nou motive enplikasyon komisyón minisipal edikasyon an.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Ranfòse kapasite elèv ak otorite lekòl yo pou fè Komisyón Minisipal Edikasyon jwe wòl li.</p> <p>Kontribye nan ranfòse / estriktire Komisyón Minisipal Edikasyon an.</p>
<b>Deskripsyon</b>	<p>Pou aplike mezi sa a, li enpòtan pou rewè misyon Komisyón Minisipal Edi-</p>

<b>mezi a</b>	<p>kasyon an. Se yon demach ki konsènen patisipasyon Ministè Edikasyon ak Ministè Anviwònman nan komin yo. Komisyon sa yo pa ekziste nan pi fò komin yo, sa mande pou relanse, reyòganize, ranfòse kapasite yo nan fè fòmasyon, ba yo dokiman sou wòl ak responsablite yo.</p> <p>Li nesesè tou pou sansibilize otorite lekòl yo nan tout nivo. Sa ap pèmèt ofisyèlman yo antre nan pwogram lekòl la pi byen, ni pou pwofesè, ni pou elèv yo. Jèn elèv yo kapab tounen prensipal boustè pou pouse nan chanjman sa a. Lekòl yo kapab pran desizyon patisipe nan sansibilize jèn yo sou kesyon anviwònman. Se yon domèn enpòtan pou devlope bon konpòtman kay jèn sa yo, k ap vin granmoun demen pou enfliyanse paran yo ak lòt moun nan vwazinaj yo.</p>
---------------	---

## ***Mezi 1.2 : Edikasyon anviwònman ak mezi pwoteksyon anviwònman***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>« Anviwon 70% enèji ki konsomen an Ayiti se bwa ak chabon bwa, daprè chif Biwo Min ak Enèji avanse » (BME, <a href="http://www.bme.gouv.ht/energie/diagnost.html">http://www.bme.gouv.ht/energie/diagnost.html</a>).</p> <p>Bwa a konsidere tankou yon rezèv pou peyizan yo, yon kalite « bank riral », ladan I, yo vini pran nan peryòd sechrès oubyen lè rekòt yo pa ase. Yon lòt kote, kouvèti forè peyi a se mwens 2% daprè Pwogram Nasyonzini pou Developman (PNUD). Degradasyon tèt chaje anviwònman ayisyen an pa diminye : espas ki gen pyebwa yo ap diminye, mòn yo ap tounen dezè, ewozyon bon tè yo, inondasyon plèn yo ap pwogrese. An 1987, kouvèti forè peyi a soti nan 3% pou desann nan mwens pase 1,4% nan 2002.</p> <p>« Nan Resansman Jeneral Agrikòl (RGA), men sa li di 395 960 fanmi Ayiti depann sou eksplwatasyon bwa kòm sous revni yo. ... Daprè bilten Biwo Min ak Enèji pibliye nan desanm 2000, aktivite ekonomik ki fèt otou chabon an rapòte plis pase 65 milyon dola chak ane ak plis pase 150 000 dyòb sou tout teritwa nasyonal la. Yo estime peyi a konsonmen apeprè 300 000 tòn metrik chabon bwa, li reprezante 1,5 milyon tòn bwa dife. » (<a href="https://ayibopost.com/le-charbon-bois-cause-t-il-vraiment-le-deboisement-en-haiti/">https://ayibopost.com/le-charbon-bois-cause-t-il-vraiment-le-deboisement-en-haiti/</a>).</p> <p>Vrè pwoblèm lan se eksplwatasyon san limit bwa yo ak jan yo kwit chabon yo nan founo tradisyonèl peyizan yo. « Bilan Enèjetik Nasyonal revele anviwon 12% apwovizyonman angwo enèji a boule, pèdi nan operasyon fè chabon an (60% enèji bwa yo pèdi nan lafimen) ». (<a href="https://ayibopost.com/le-charbon-bois-cause-t-il-vraiment-le-deboisement-en-haiti/">https://ayibopost.com/le-charbon-bois-cause-t-il-vraiment-le-deboisement-en-haiti/</a>)</p> <p>« Lwa 17 Dawou 1955 la, règleman sou koupe bwa, transpò ak komès li ak fou lacho, ak dekrè 7 jiyè 1987 la sou itilizasyon enèji an Ayiti, rekonèt nesesite pou sèvi ak lòt sous enèji altènativ pou fè bese presyon sou bwa yo. Sepandan, gouvènman yo pa t pran okenn dispozisyon, pou fè swivi desizyon sa yo. » (<a href="http://www.bme.gouv.ht/energie/diagnost.html">http://www.bme.gouv.ht/energie/diagnost.html</a>). Jis koune a dekrè sa a pa janm aplike.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Patisipe nan ogmante espas plante pyebwa yo.</p> <p>Diminye emisyon gaz-a-efè-sè yo.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p>Sansibilizasyon sou defi ak enterè konsènan koupe pyebwa : peyizan, lekòl, ak gwoup jèn yo.</p> <p>Mete kanpe avèk asosyasyon peyizan plizyè moso tè bwaze ak forè enèjetik pilòt pou pèmèt devlope diferan teknik pou rekòlte, devlope bwa-enèji pou eksplwatasyon renouvlab resous yo.</p> <p>Vini avèk pi bon teknoloji pou pwodiksyon chabon.</p> <p>Sibvansyonnen epi distribye recho amelyore pou sèvi lekòl, restoran ak fanmi yo.</p>

Mete kanpe yon politik forestye pou pwodiksyon ak eksplwatasyon resous yo sou yon baz renouvlab.

Pwoteksyon zòn pwoteje yo (sou tè ak bò lanmè).

***Mezi 1.3 : Òganizasyon deba piblik yo sou pwoblematik anviwònman lokal ak jeson resous natirèl yo (lachas, lapèch, pwodwi chimik pou touye ti bêt nwizib, espès bêt ak plant k ap disparèt)***

<b>Konteks ak jistifikasyon</b>	<p>Nou kwè souvan pwoblèm anviwònman global yo pa konsène nou. Nou santi nou pa kapab fè anyen, nou rete la békèkè, n ap panse nou pa kapab fè anyen vre. Nou ta vle voye pwoblèm yo sou do responsab politik yo, epi sou kont teknoloji a. Men sonje, yon pati pwoblèm yo, se nou ki responsab yo : tankou jan nou jere resous natirèl yo, nou se prensipal aktè, aktris nan jan sèten konsomasyon ak pwodiksyon an fonksyonnen. Konsa nou se prensipal responsab emisyon gaz-a-efè-sè nan lè a, devèsman fatra nan lanati a ki polye anviwònman.</p> <p>Nou dwe pran responsabilite sa a, antan n ap chache solisyon nan sitiyasyon yo ak nan jan n ap viv.</p> <p>Pou chanje, fòk nou gen sèten konesans, epi tou yon nivo konpreyansyon sou pwoblematik anviwònmantal yo, pwoteksyon popilasyon plant ak bêt yo. Se poutèt sa, li nesesè pou mete kanpe mwayen sansibilizasyon ak aksyon pou deba piblik yo sou vrè pwoblèm anviwònman yo, tankou des-triksyon ti moso anndan ekosistèm nan sou latè ak nan lamè yo. Deba piblik yo ap pèmèt devlope kay patisipan lokal yo kapasite pou fè sityasyon y ap viv kounye a vin pi bon, antan yo ap patisipe nan pwoteksyon byodivèsite a, ak konsèvasyon resous natirèl lakay yo.</p> <p>Nan demach ekolojik sa a, aktè lokal yo ap jwe yon gran wòl. Yo dwe patisipe, ede nan deba yo, pouse demach la abouti, pou patisipan yo, yomenm, devlope konpòtman ak konesans yo pou sa.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Devlope oumenm yon konsyans anviwònmantal.</p> <p>Responsabilize sitwayen yo pou chanje abitid yo, nan konpòtman yo, nan jan yo konsomen (jere fatra yo, sèvi ak pestisid chimik yo) ; fè pwomosyon developman dirab.</p>

<p><b>Deskripsiyon mezi a</b></p>	<p><b>Aktè konsènen yo (patizan ak òganizatè) se eli lokal yo, gran fonskyonè yo :</b></p> <p>Eli lokal yo, gran fonskyonè yo, jounalist, reprezantan gwoup enterè òganize yo, agrikiltè, militan sosyete civil, ekspè, elt.</p> <p><b>Etap yo</b></p> <p>Pwopoze yon animasyon ki pèmèt seleksyonnen kèk gran enterè ak defi, ouben kèk pwopozisyon sou kèk tèm pou echanj sou resous natirèl lokal yo (lachas, lapèch, pestisid, espès bêt ak espès plant k ap disparèt).</p> <p>Mete sou mi yo plizyè afich sou gwo defi ak enterè yo ki ale ak tèm echanj la. Patisipan yo chwazi yon afich. Yo ka mande yo anvan yo plase yo, chwazi sou de eleman sa yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ki defi ak enterè ki ta yon priyorite parapò ak tèm sa a kounye a nan domèn devlopman dirab la - an premye ?</li> <li>• An dezyèm - sou ki defi ak enterè yo panse, kòm sitwayen responsab, yo gen plis responsablite ?</li> </ul> <p>Apre yo fin pozisyionnen yo, chak patisipan dwe esplike poukisa li chwazi defi ak enterè sa a ouben yon lòt. Agiman yo bay sou enpòtans reyalite I ak kapasite I kòm sitwayen k ap viv sou teritwa a leve defi sa yo. Apre tout moun fin pale, patisipan yo ka ale devan yon lòt afich, deplase, si yo vle, epi esplike rezon yo chanje a. Deba yo ka dire, deplase valè fwa yo vle, tan ki nesesè.</p> <p>Plizyè lide ka soti apre echanj yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Dapre diskisyon ki sot fèt la, chak patisipan ap note 2, 3 defi ak enterè ki priyorite. De (2), twa (3) ki te plis site yo ap seleksyonnen. Si tout moun dakò, ka gen yon deba ki pi pwofon sou defi ak enterè seleksyonnen yo, ouben ki rive transfòme an responsablite.</li> <li>• Nan finisman echanj la, li posib se yon sèl defi ak enterè ki rasanble tout patisipan yo. Li posib tou pou refòmile ak presizyon defi ak enterè yo, apre agiman lè echanj yo, yon lòt tan animasyon ka òganize pou travay sou repons defi ak enterè sa a.</li> </ul>
-----------------------------------	---

## ***Mezi 1.4 : Kreyasyon yon pepinyè kominal***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Peyi a ap fè fas kare ak yon bann pwoblèm anviwònman tankou debwazman ak konsekans dirèk li sou rannman agrikilti a ak sou byodivèsite a, prensipalman akoz disparisyon espès plant yo.</p> <p>Premye etap pou rebwazman se miltipliye pepinyè kominal yo. Mete disponib yon bon valè ti pyebwa tout kalte espès, ki adapte ak sol, klima ayisen an. Sa ap pèmèt Ayisen yo jwenn manje (pye fwi ak bwa boule) men tou diminye estrès sou espas natirèl yo (evite koupe pyebwa nan zòn pwoteje sou tè a ak bò lanmè yo epi sove byodivèsite ki la an Ayiti a.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Kenbe gaz karbonik la nan espas bwaze yo pou kontribye nan diminye emisyon gaz-a-efè-sè yo.</p> <p>Ogmante rezilyans ekosistèm yo devan chanjman klimatik yo, an patikilye fas ak tanpèt, siklòn yo.</p> <p>Pwoteje byodivèsite a, antan n ap chache espès lakay ouben ki te la anvan ki pi adapte ak anviwònman ayisen an.</p> <p>Ankouraje ak apiye ekonomi pwodiksyon fwi yo.</p> <p>Ankouraje ak soutni pwodiksyon bwa pou boule yo pou diminye enpòtasyon sous enèji sa yo (gazòy, esans, pwapan) pou ogmante endependans ekonomik Ayiti nan kesyon enèji.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p>Pepinyè yo se espas kote yo pwodwi anpil ti plant pou replante ouben nan gwo jaden ouben nan po nan ka se plant flè. Jèn ti plant sa yo jwenn anpil swen depi lè yo simen jis lè yo fin pran nèt pou pèmèt yo reziste nan kondisyon difisil y ap rankontre pita nan gwo jaden yo. Pwodiksyon ti plant nan pepinyè pèmèt ou reyisi plis plant, men tou ou pwodwi plant ki ansante.</p> <p>Pou pepinyè sa yo, chache chwazi espès ki adapte, ki gen yon enpòtans ekolojik, tankou espès ki menase yo, ki ap disparèt, ki gen yon enterè ekonomik pou Ayisen yo, tankou espès ki bay fwi, sa ki sèvi pou boule ak fè chabon.</p> <p>N ap souliyen, gen anpil efò ki fèt, kote Ayisen yo, chache espès vegetal ki pi ansyen yo, ki menase, ankouraje gaye espès sa yo. Se eksperyans ki gen pri anpil, li ta bon pou pwofite yo.</p>

<b>Konpleman enfòmasyon</b>	<p><b>SANS MO YO</b></p> <p><b>Aklimatizasyon</b> : Aksyon mete yon plant nan menm kondisyon li pral viv.</p> <p><b>Saran / sè</b> : Yon tonnèl kouvri ak twil pou diminye limyè solèy la, yon sèten degré.</p> <p><b>Medyòm</b> : Melanj sab, tè ak fimye.</p> <p><b>Metòd boutèy</b> : Metòd atizanal pou detèmine nati fizik sòl la.</p> <p><b>Apre sòti</b> : Etap apre plant la fin jèmen.</p> <p><b>Apre repikaj</b> : Apre fin plante ti plant yo nan sache.</p> <p><b>Imidimèt</b> : Aparèy ki sèvi pou mezire imidite.</p> <p><b>Tegiman</b> : Po ki pwoteje semans yo.</p> <p><b>Monitoring</b> : Vizit obsèvasyon ak kontwòl.</p> <p><b>Kòlèt</b> : Pati plant ki ant rasin ak tij / kò plant la.</p> <p><b>Konpetisyon fotosentetik</b> : Lit ant plant yo pou jwenn limyè solèy la.</p> <p><b>ETA POU LANSE YON PEPINYÈ</b></p> <p><b>Konstriksyon abri a</b> : Li nesesè pou gen yon estrikti pou ka pwodwi ti plant yo nan pi bon kondisyon. Pousa, fòk ou gen yon estrikti leje, yon tonnèl kouvri ak pay kokoye, palmis, ouben ak saran ki bay lonbray apeprè 90% pou plant yo. Gwosè tonnèl la depann kantite plantil pou pwodwi.</p> <p><b>Etid sòl</b> : Li nesesè pou etidyé konpozisyon fizik sòl ou pral sèvi a nan preparasyon medyòm nan. Pou jwenn konpozisyon sòl la w ap sèvi ak metòd boutèy la. Li ta enpòtan pou w ta fè yon analiz chimik sòl la, si teknisyen an gen materyèl ak ekipman pou sa.</p> <p><b>Preparasyon medyòm nan</b> : Pou prepare medyòm nan, melanje tout eleman yo (tè, fimye, sab rivyè) pou w ka gen yon melanj pou ranpli sache yo. Adopte fòmil 3-2-1 : 3 brouèt tè, 2 brouèt fimye, ak yon (1) brouèt sab. Ou pa oblige sèvi ak brouèt sab rivyè a si tè w genyen an deja gen yon pousantaj sab.</p> <p><b>Ranplisaj sache</b> : Apre preparasyon medyòm nan, se mete tè nan sache yo, ranpli yo san ou pa foule yo. Mete kantite tè a dapre gwosè sache yo. Tè a dwe rive nan bòdi sache yo.</p> <p><b>Arimen sache yo</b> : Sache yo dwe ranje nan platbann nan, plizyè lo sache.</p> <p><b>Awozaj la</b> : Wouze ti plant yo avèk awozwa nan etap demaraj la, wouze yo ak yon tib kawotchou apre yo fin pouse ouben apre repikaj. Wouze ti plant yo twa (3) fwa nan yon semenn, de (2) fwa nan jounen, dapre jan lapli tonbe, jan tè a kenbe dlo ak jan ti plant yo bezwen dlo ki kalkile ak yon im dimèt.</p> <p><b>Seleksyonnen semans yo</b> : Ou dwe seleksyonnen semans yo pou w genyen yon pi bon kantite ki reyisi. Lè w ap triye, fòk w retire semans ki domaje yo.</p> <p><b>Eskarifikasyon</b> : Se yon metòd ki sèvi pou gress ki pran anpil tan pou pouse, po yo di. Nan ka sa a, semans yo ap eskarifye, sa vle di, yo ap fè yon ti fann po gress yo lejèman.</p>
-----------------------------	---

**Simen** : W ka simen gress yo dirèkteman nan sache / ouben sou platbann. Nan ka simen endirèk la, se lè gress yo jèmen pou li devlope vin yon ti plant anvan w mete l nan sache.

**Repikaj** : Repikaj la, se lè w rache ti plant yo sou platbann epi repike yo nan sache pou yo kontinye devlope.

**Kontwòl maladi** : Monitoring (vizit kontwòl ak obsèvasyon) dwe fèt chak 3 jou nan pepinyè yo pou wè siy maladi ak pwoblèm kwasans ti plant yo. Note chak pwoblèm, pran echantyon pou teknisyen analize. Apre rezulta yo, pran desizyon rapid, sèvi ak pwodwi epi dòz ki rekòmande.

**Dezèbaj** : Se retire zèb ki nan sache ak men, pou zèb ki nan ti wout pepinyè a ant platbann yo, retire yo ak zouti. Aktivite sa a fèt yon fwa chak semenn, si move zèb yo gaye vit.

**Binaj** : Binaj la se lè w pike tè otou ti plant la nan sache a pou pèmèt dlo antre pi byen nan tè a, rasin yo byen devlope epi pou kòlèt plant la pa pou ri. Reyalize operasyon sa a yon fwa nan senmenn anvan awozaj la.

**Fètilizasyon** : Tankou sa te esplike nan preparasyon medyòm nan, w dwe sèvi ak fòmil 3-2-1 an pou fètilize tè nan sache yo. Gen lòt teknik fètilizasyon ki fèt ak fèy, w ap sèvi ak yo si ti plant yo prezante kèk maladi, w te dekouvri nan monitoring yo. Lè sa a, pepinyeris la ap sèvi ak pwodwi nan doz ki rekòmande a.

**Klasman** : Klase tout plantil yo dapre estad devlopman yo, pou evite konpetisyon fotosentetik, sa ki ka swa ralanti ouben pwovoke kwasans plantil nan yon wotè ki pa nòmal.

**Grefaj** : Grefaj la se yon metòd ki aplike pou amelyore espès k ap grefe a epi rann li pi fò pou reziste ak maladi. Pratik sa a aplike pou pye fwi yo, li ka fèt 3 mwa apre lè plant la repike.

**Koupe rasin** : Koupe rasin ki al kole nan tè a avèk yon sekatè. Sa rive lè plant la depase laj pou l te plante.

**Aklimatasyon** : Pou pèmèt plant yo pare pou plante nan gwo jaden, li enpòtan pou retire yo nan pepinyè yo mete yo nan gwo solèy pandan de (2) semenn.

## ***Mezi 1.5 : Kreyasyon yon forè kominal (espas rezève)***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>An Ayiti, anviwònman an gen anpil pwoblèm. Se tankou sa chanjman klimatik la lakkòz. Yo afekte tout fòm lavi sou tè a, keseswa yon mannyè pozitif oswa negatif. Rebwazman se yon aktivite ki ede anpil pou ogmante byodivèsite a. Konsa, kreye yon forè kominal gen yon enpòtans kapital pou konsèvason ak pwoteksyon espès yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Kreye nich ekolojik yo. Kreye yon zòn rechèch pou elèv ak etidyan (fi/gason). Kreye espas edikasyon sou sijè anviwònman an.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p><b>Reyinyon kominotè yo :</b> Li enpòtan pou fè reyinyon kominotè pou esplike moun yo enpòtans forè ak wòl kominote a pou garanti pwoteksyon I, daprè sa atik 97, dekrè sou desantralizasyon 2006 la di.</p> <p><b>Etid pou anplasman :</b> Se etid pou chwazi espas pou plase forè a. Espas la dwe soti nan yon teren ki pa gen diferans klima, pil monte desann antre soti tè a, kalite sòl la, plant ak pyebwa apati kat plant ak pyebwa ki ekziste. Selon FAO, yon forè se yon espas tè ki dwe mezire pou pi piti 0,5 ekta / oswa 5 000 mèt kare.</p> <p><b>Kat natirèl plant ak pyebwa :</b> Chwazi espès plant ak pyebwa pou plante. Chache jwenn diferan plant ak pyebwa san w pa blyie sa yo ki la dejá.</p> <p><b>Chwazi semans yo :</b> Rekòlte semans lokal ouben toupre (sa ap pèmèt yon pi bon adaptasyon nan sitiyasyon sòl / klima). Seleksyon semans yo sou 3 kondisyon sa yo: enpòtans ekolojik, enpòtans ekonomik ak rate / frasilite espès la.</p> <p><b>Pwodiksyon nan pepinyè :</b> Mete gress yo nan pepinyè pou pwodiksyon ti pyebwa yo anvan w mete yo nan tè.</p> <p><b>Preparasyon sòl la :</b> Se chwazi distans ant pyebwa yo, fouye twou yo, pou fasilité yon pi bon plantasyon.</p> <p><b>Dansite :</b> Vize pou plant / pyebwa yo pouse founi, pou pa gen konpetisyon ant espès yo men fò plant/pyebwa yo pante yon jan ki fasilité relasyon ant plant yo. Fò yo plante yo nenpòt kijan (ekz : pa plante yo anliy), nan ti fon, sou bit / ti mòn dapre teren an.</p> <p><b>Plantasyon :</b> Se mete plant yo nan tè pou pèmèt yo grandi.</p> <p><b>Swivi :</b> Kreye yon komite swivi pou fè vizit chak semenn pou wè devlopman forè a, si plant yo pa sibi domaj akoz bêt epi kontwole kèk makè varyab sa yo.</p>

Konpleman enfòmasyon	<p><b>SANS KÈK TÈM</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Laj jèminasyon:</b> Yo kalkile laj jèminasyon konsa : Kalkile apeprè kantite jou 60% grenn ki pouse nan espas 1 mèt kare. Kalkil sa a fèt pou grenn ki simen dirèkteman nan forè a.</li> <li>• <b>Pousantaj jèminasyon :</b> Kalkile pousantaj jèminasyon an konsa : Kalkile kantite semans ki leve nan yon (1) mèt kare. Pran li ohaza. Kantite semans jèmen an miltiplie pa 100, epi divize l ak kantite simen an.</li> <li>• <b>Otè plant yo :</b> Pou mezire otè plant yo, chwazi ohaza 100 plant. Pran yon riban metrik, mezire chak plant soti nan kòlèt rive nan dènye boujon tèt la. Mezire plant la an santimèt.</li> <li>• <b>Dyamèt plant la :</b> Pou mezire dyamèt plant la, fòk ou chwazi menm 100 plant pou te mezire otè a, avèk pye-a-koulis la. Fòk ou foure aparèy la nan kòlèt plant la, mezi a ap bay an santimèt.</li> </ul>
-------------------------	---

## **Mezi 1.6 : Mete kanpe yon komisyon kominal pou jere fatra**

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Ititlizasyon nouvo materyo (plastik, divès metal yo) pou rezon ijyèn (anbalaj pwodwi nan komès ak nan transpò) oswa pou pwodiksyon nouvo atik itil, plizyè nan yo pou rezon telekomunikasyon (telefòn, òdinatè) jenere yon gwo kantite fatra nan mond modèn nan. Jounen jodya, ak ekonomi mondalise nou an ki baze sou enèji fosil (petwòl, gaz), majorite nouvo materyo sa yo pran anpil tan pou yo byodegrade oswa yo pa byodegradab ditou. Anpil nan materyo sa yo gen sibstans nosif pou anviwònman, plant, bêt ak moun lè nou lage yo nan anviwònman an. Yon examp nou ka pran se plon ak mèku ki nan pil.</p> <p>Sèvi ak enèji tankou petwòl, gaz pou pwodiksyon materyo yo patisipe anpil nan emisyon gaz a efè desè yo.</p> <p>Absans resiklaj, oubyen nivo trè fèb resiklaj fatra yo pou fabrike nouvo materyo yo, kontribye ogmante volim dechaj yo anpil, anpil. Nan ka absans yon jesyon konplè fatra yo, (ranmase, transpòte, antere) tankou se ka Ayiti, sa kontribye nan polisyon anviwònman ak prensipal obsèvason sa a : kantite plastik, tout kalite nan ravin yo, gaye sou kòt yo epi k ap flote sou lanmè yo.</p> <p>An Ayiti, lòt prensipal fòm polisyon ki mare ak fatra yo se :</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• <b>Jete fatra òganik byodegradab yo</b> ki vin sitou kontamine rivyè ak lanmè yo ki lakòz dlo kòt yo vin asid, resif koray yo disparèt ofiyamezi ki antrene yon rediksyon pwason ak lòt ti bète lanmè yo epi tout plant koray yo ;</li><li>• <b>Yon polisyon lè</b> avèk boule fatra ki se pratik kourant an Ayiti, ki lakòz sikilasyon yon lè chaje ak pwodwi toksik, tankou diyoksin yo (ki soti nan boule plastik yo, yon ekzanp) ki se danje pou lasante moun yo k ap viv nan zòn kote boule yo ap fèt la.</li></ul> <p>Popilasyon Ayiti a vin yon popilasyon lavil chak jou pi plis. Sa rive pi rapid, pase toutan. Se te yon peyi esansyèlman riral, te gen 25 lane, avèk plis pase 8% popilasyon I ki t ap viv nan ti bouk yo. Kounye a, 52% Ayisen yo (fi, gason) ap viv nan vil yo. Ibanizasyon masiv sa a te fèt nan absans nenpòt planifikasyon, kontwòl oswa kad regilasyon ak nan kondisyon nan kapasite fèb pou elaji pwovizyon sèvis debaz yo nan yon vîtes ki ka swiv kwasans popilasyon an nan vil la. (PNUD, 2018)</p> <p>Jesyon fatra yo se youn nan sèvis publik esansyèl nan 21<sup>yèm</sup> syèk la, anpatikilye nan zòn lavil yo (Global Waste Management Outlook, 2015). An Ayiti, pwoblèm tèt chaje sa a montre byen efè ibanizasyon san kontwòl peyi a. Pi fò vil yo pa gen gwo mwayen pou ranmase epi elimine fatra solid meri yo, kòz polisyon lè, dlo, ak sòl yo, segrav pwoblèm lijyèn, sante publik ak lòt risk enfrastrikti. Nan menm tan an, prensipal faktè kwasans ekonomik posib pou peyi a, se touris ak envestisman etranje, yo menase ak pwoblèm jesyon fatra yo. (PNUD, 2018)</p> <p>Li enpòtan pou souliyen « jesyon » fatra solid lavil yo se yon mezi pou diminye veritab pwoblèm sosyete kounye a, se pwodiksyon san mezi fatra yo. <b>Tout entèvansyon nan domèn jesyon fatra yo dwe chita an paralèl sou jesyon, rediksyon pwodiksyon fatra yo.</b></p>
---------------------------------	--

	<p>Pou atake pwoblèm jesyon fatra yo, chanjman konpòtman yo nesesè, nan plizyè nivo, ki dwe kòmanse nan nivo endividé a menm, nan chwazi sa pou yo konsonnen, dapre anbalaj pwodwi, resèvi ak anbalaj yo, kòman resèvi, resikle oubyen bay fatra yo valè (ekzanp : sèvi ak sak ou ka sèvi plizyè fwa pou ale nan mache, fè konpòs ak rès manje epi fatra jaden yo). Pou reyisi ak chanjman konpòtman endividé sa yo, sa mande yon anviwònman sosyal ki favorize I, ak yon kad legal ak ekonomik ki favorab. Yon ekzanp : Nan anpil peyi, konsiy retounen sèvi ak boutèy anvè oubyen plastik gen siksè ki sipòte resiklaj boutèy bwason yo. Entèdiksyon pou sèvi ak sache plastik pou yon sèl sèvis, epi lè kliyan an pa vin ak sak li pou achte : li ka achte youn nan men yon machann, ki pi solid epi ki sèvi plizyè fwa, sa ap pèmèt redwi anpil kantite sak plastik ki gaye nan anviwònman an.</p> <p>Chak teritwa gen kapasite diferan, menmsi pi fò nan yo nan menm eta (fatra yo pa jere) ; gen lòt, pam yo ki fè yon sèten jesyon, omwens ranmase yon pati fatra yo. <b>Pwopozisyon sa a ki ka aplike nan kèleswa kondisyon teritwa a, chita sou amelyorasyon gouvènans jesyon an pou yon pi bon kalite lavi popilasyon an.</b></p>
<b>Objektif mezi a</b>	Kontribye nan amelyore gouvènans lokal la nan jesyon fatra solid laval yo.
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p>Li pwopoze kreye yon komisyón kominal ki genyen reprezantan sosyete sivil (fi, gason), sektè prive, elt pou kapab abòde ansanm, nan lòd, amelyorasyon jesyon fatra yo.</p> <p>Komisyón an ap gen travay sa yo :</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Fè yon <b>analiz pwoblèm espesifik teritwa a</b> ;</li> <li>2. Etabli, ak eli lokal yo, dapre kapasite teknik ak ekonomik yo, yon fèy <b>misyon reyalis</b> pou abòde pwoblèm jesyon fatra a, yon fason komen, dirab epi anfavè anviwònman an ;</li> <li>3. Reyalize <b>kanpay edikasyon ak sansibilizasyon</b> nan kolektivite li a ki ankouraje tout inisyativ lokal k ap pote chanjman ;</li> <li>4. Reyalize yon <b>pledwaye devan enstans Leta</b> a ki konsènen an (Ministè Anviwònman, Ministè Finans, Resous Natirèl, elt) pou kreyasyon lwa ak dekrè anfavè siksè mezi jesyon entegre ki chwazi nan nivo lokal ;</li> <li>5. Rann kont bay popilasyon an sou <b>rezulta aksyon ki fèt yo, ak pwogrè ki reyalize</b> parapò ak objektif ki te tabli yo, dapre kalandriye fèy misyon an.</li> </ol>

## ***Mezi 1.7 : Planifikasyon devlopman tèrritoryal***

<b>Kontèks ak jistifikasiyon</b>	<p>Devlopman tèrritoryal make enpòtan patisipasyon sosyete sivil la nan demach devlopman chak tèritwa. Li mete devan kreyasyon rezo, enstitisyon, akò ak pon yo ant diferan aktè publik, prive sou tèritwa a. Se egalman, yon demach ki chita sou aksyon gwoup yo, aktè lokal yo dakò, demach ki souliyen wòl enpòtan akò oubyen kontra tèrritoryal yo pou devlopman tèritwa a, devlopman dirab ak anplwa.</p> <p>An Ayiti, chak teritwa gen sitiyasyon diferan, kapasite ak resous diferan. Fòk nou analize nan chak, valè amenajman teritwa a gen pou trete. Sèten teritwa gen deja dokiman amenajman teritwa tankou yon Plan Kominal Developman PKD, ki pèmèt konsantre sou nivo ki pi detaye yo. Men nan sa ki konsènen komin nan, PKD an t ap pi bon, se premye dokiman pou ta ekri. Ankò, sa parèt klè, pou ekri yon PKD, fòk gen resous, souvan li pa genyen. Pou rezon sa a, li posib pou travay davans pou ekri plan ibanis, ak anplasman espas pwoteje, pak natirèl yo, annatandan yo jwenn resous pou PKD an.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Entegre yon vizyon « soti anba rive anwo » sa vle di, ak popilasyon yo, pati nan diferan kontèks teritwa yo.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Otorite lokal yo, nan konsiltasyon ak sosyete sivil la, sektè antrepriz yo elt bati yon « fèy de wout» konsa teritwa a dispoze enstriman nesesè pou li fè aksyon pou devlopman I. Konsa objektif ak aksyon ki klè ap soti nan konsiltasyon yo.</p> <p>Anplis PKD a, ki deja ekri nan kèk komin, gen lòt enstriman ki ka devlope, tankou :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Plan lokal ibanis ;</li> <li>• Espas pwoteje ak anpil valè natirèl, ekolojik, kiltirèl, elt (ekz : sous yo, zòn ak gwo pant yo ki koze inondasyon, elt) ;</li> <li>• Pak natirèl kominal an akò ak Ajans Nasional Espas Pwoteje.</li> </ul> <p>Li enpòtan pou pa blyie, yon dokiman planifikasyon, oubyen yon dekrè ki deklare yon zòn pwoteje, elt. pa gen okenn valè, si Kolektivite Tèrritoryal la pa gen okenn kapasite pou aplike I. Li enpòtan anpil pou pran konsyans vrè kapasite kolektivite tèrritoryal la. Lè gen twòp anbisyon anjeneral, konsekans lan, se pa rive akonpli objektif yo, epi demotive popilasyon an.</p>

<b>Sous enfòmasyon</b>	<p>Ajans Nasyonal espas pwoteje : <a href="https://anap.gouv.ht/">https://anap.gouv.ht/</a></p> <p>Desantralizasyon : <a href="https://www.ritimo.org/Haiti-la-decentralisation-plancommunal-de-developpement-ou-plan-de">https://www.ritimo.org/Haiti-la-decentralisation-plancommunal-de-developpement-ou-plan-de</a></p> <p>Gid metodolojik plan kominal devlopman : <a href="https://procurement-notices.undp.org/view_file.cfm?doc_id=202028">https://procurement-notices.undp.org/view_file.cfm?doc_id=202028</a></p> <p>Pak kominal naturel Cacique Henry, nan komin Ansapit :  <a href="https://minustah.unmissions.org/environment-iguanas-anse-%C3%A0-pitre-soon-be-refuged-special-parkha%C3%AFti-environnement-les-iguanes-d%E2%80%99anse">https://minustah.unmissions.org/environment-iguanas-anse-%C3%A0-pitre-soon-be-refuged-special-parkha%C3%AFti-environnement-les-iguanes-d%E2%80%99anse</a></p> <p>Plan devlopman lokal komin Kenskòf la 2008-2015 : <a href="http://www.gafe-haiti.org/IMG/pdf/pdlk.pdf">http://www.gafe-haiti.org/IMG/pdf/pdlk.pdf</a></p>
----------------------------	---

## 2 – JISTIS SOSYAL AK SOLIDARITE



Nou li nan entwodiksyon KONSTITISYON 1987 la, amande nan Lwa Konstitisyonèl 9 me 2011 la :

*Pèp Ayisyen pwoklame Konstitisyon sa a :*

*Pou garanti dwa fondamantal sa yo ki mare ak lavi, libète ak lapè / lebonè ; dapre Ak Endependans 1804 la epi Deklarasyon Invèsel Dwa Moun 1948 la.*

*Pou bati yon nasyon san diskriminasyon sosyal, ak tout libète ekonomik li epi tout endependans politik li.*

*Pou tabli yon Leta fò ak estab, ki kapab pwoteje valè, tradisyon yo, vizyon ak dwa granmoun li.*

*Pou plante yon demokrasi ki chita sou plizyè kouran lide, altènans politik, epi afime dwa ennyolab Pèp Ayisyen an.*

*Pou fè inité nasyonal la pi fò, elimine tout diskriminasyon ant popilasyon yo, ant laval, ak andeyò ; aksepte kominate lang ak kilti yo, rekonèt dwa pwogrè, enfòmasyon, edikasyon, lasante, travay ak lwazi pou tout sitwayen, fi kou gason.*

*Pou asire separasyon ak distribisyon nan bon kondisyon pouvwa leta yo nan sèvis enterrè fondamantal ak priyrite Nasyon an, pou tabli yon rejim gouvènmantal baze sou libète fondamantal ak respè dwa moun, lapè sosyal, pataj ekonomik egal-ego, antant ak patisipasyon tout popilasyon an nan gwo desizyon ki angaje lavi nasyonal la, nan yon veritab desantralizasyon.*

*Pou asire fanm yo reprezante nan tout enstans pouvwa ak desizyon ki konfòm nan kesyon egalite fanm, gason ak.*

Sosyete ayisyen an, jodi a, gen anfas li yon seri gwo defi. Pèp la vin konnen dwa li pi byen, gras ak yon travay sansibilizasyon pouse ki te dire. Li pa ka aksepte yon klas ki fè richès li nan move zafè, kontinye eksplwate l ak awogans. Pèp la mande kont. Li reklame, ekzije yon patisipasyon klè, dapre Konstitisyon 1987 la.

Li klè, move gouvènans lan mete toutouni gwo povrete pèp la devan larichès opilan yon elit ekonomik politik san kè. Elit sa a sèvi ak pouvwa politik la pou fasilitè tèt li, nan dezavantaj gwo mas la ki ap antre pi fon nan twou lamizè ki bay laperèz. Chak jou, inegalite sosyal la vin twò kriminèl. Solisyon pentire figi yo pa ka maske maleng sosyete a ankò, maleng yo vin twò laj. Gen twòp pòv; mizè mas la, klas mwayèn nan vin pi pòv ; tou sa fè kondisyon lavi nan peyi a vin envivab pou moun.

Ankò, gaspiyaj ak piyay resous Leta, elit yo fè plim sou do pèp la leve sanzatann, sa ou pa ka evite. Yon entèvasyon enpòtan pou diminye, yon manyè vizib inegalite sosyal yo pou pèmèt popilasyon an viv tankou moun tout bon. Eli lokal yo, nan nivo sa a, dwe pran tout responsabilite yo.

Yo dwe montre yo pran responsabilite yo tout bon « Jistics sosyal ak solidarite » fèt pou depase yon eslogan. Tèm sa a dwe okipe yon plas enpòtan nan plan developman lokal, eli yo dwe prezante oubyen reyalize.

Yon lòt kote, abitid sosyal yo pa tankou anvan. Laperèz, mank konfyans nan lòt la, mepri sèten valè sitwayen yo, mank sans pwofesyon nan aksyon sosyal yo, fanmi yo divize anmyèt moso, se kèk eleman ki rann frajil pratik (abitid) solidarite yo. Se sèl ranpa jodi a pou pouse sosyete a rebati tèt li sou yon baz dirab k ap nan benefis tout moun .

Jistics sosyal la, gras etablisman estrikti dirab san pa blyi repriz ak ranfòsman pratik (abitid) solidè yo, se kondisyon endispansab, yon egzijans nan rekonstriksyon sosyete nou an. Kolaktivite territoryal yo pa ka mode lage, ni rete dèyè nan pwojè plan developman yo.

Lè n ap pale jistics sosyal nan tèks la, nou vle pale sou estrikti ki dwe tabli (Iwa, enstitisyon, ...) ak aksyon kòrèk pou diminye inegalite sosyal yo, epi mete pou tout moun sèvis sosyal yo kèlkeswa kote yo ye sou teritwa a. Nou dakò, li pa toujou fasil pou jwenn tout sèvis yo tou pre lakay w. Men li enpòtan pou mete yo pi pre posib popilasyon an (dlo, kouran, sant sante, lekòl fondamantal, elt).

Jistics sosyal la egzije yon gwo nivo pwofesyon an pou mete sou pye ak bay sèvis yo. Li egzije pou byen konnen popilasyon an pou ou ka defini ak presizon aksyon ki pral fèt yo. Men yon ekzanp, w pa ka pretann konstwi, fè fonksyone yon lekòl espesyal pou andikape san konnen popilasyon andikape lokalite a, ak ki kalite andikap yo ye. Yon moun ki pa ka deplase fasil pa gen menm bezwen nan kesyon lekòl ak yon moun ki tande mal, oubyen ki soud, oubyen ki « trizomik ».

Nan sijè sa a « Jistis sosyal ak solidarite » n ap prezante twa (3) mezi. yo pa gen pretansyon reponn tout bezwen yo. Men se omwens imaj ansanm kesyon divès gwoup yo, nou te ran-kontra atravè peyi a.

Mezi 2.1 : Entèaksyon ant aktè lokal yo (fi/gason), Otorite lokal, divès asosyasyon ak òganizasyon baz yo.

Mezi 2.2 : Ranfòsman fanmi an.

Mezi 2.3 : Patisipasyon ak angajman travayè sosyal yo nan desizyon kolektivite territoryal yo.

## ***Mezi 2.1 : Entèaksyon ant aktè lokal yo (fi/gason), Otorite lokal, divès asosyasyon ak òganizasyon baz yo***

Kontèks ak jistifikasyon	<p><b>Pwogram 4.5 la – Desantralize nan Plan Estratejik Developman Ayiti (p. 259) presize :</b></p> <p><i>Nan dènye lane sa yo, te gen anpil obstak nan mete kanpe Kolektivite Territoryal yo. Tout moun pa dakò ak jan pou fè selon Konstitisyon an, men pou desantralizasyon an, yo dakò. Jodi a, Kolektivite Territoryal yo gen lòt baryè ankò pou kraze, tankou feblès yo nan kapasite teknik ak finans, pi plis ankò pase anvan tranbleman tè a.</i></p> <p><i>Nan okazyon revizyon kad legal la, travay ki pral reyalize yo ap pèmèt detèmine / fikse règ òganizasyon, fonksyonman Kolektivite Territoryal yo, konpetans pa yo oubyen sa yo pataje ak administrasyon gouvènman an. Se okazyon tou pou rewè / revize limit teritwa Kolektivite Territoryal yo, yon fason pou adapte yo nan ka bezwen. Aksyon sou teren an dwe, sepandan, antisipe developman sa yo nan lòd yo ogmante patisipasyon Kolektivite Territoryal yo nan renouvèlman an vle..</i></p> <p><i>Pita nan tan k ap vini yo, Kolektivite Territoryal yo pral pataje yon sèten valè konpetans avèk administrasyon gouvènmantal la. Se ka nan chapit Amenajman teritwa ak Jesyon risk yo. Nan menm tan, yo dwe deja asire plizyè sèvis baz pou popilasyon an ki konplémentè ak sa administrasyon gouvènman an ofri. Epi plizyè sèvis sa yo, yo gen enterè pou plizyè komin jere yo yon fason pou bay pi bon rezulta epi tou diminye pri yo koute.</i></p> <p><i>Fòk nou vize yon lansman pwogresif konpetans desantralize yo antan n ap mete aksan sou sèvis kolektif pou popilasyon an.</i></p> <p><i>Nan yon ti tan tou kout, Kolektivite Territoryal yo dwe ranfòse tèt yo pou ranpli fonksyon yo kounye a. Yo dwe pi byen ekipman, ak yon pèsonèl fòme. Anmenmtan, yo dwe mete kanpe, oubyen ranfòse enstriman finansye ak règ pou yo patisipe plis nan desizyon ki konsènen yo epi rezoud pwoblèm lokalite yo.</i></p> <p>Pwogram sa a, konsènan desantralizasyon an prevwa (5) senk sou-pwogram se :</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Konstriksyon epi ekipman sant administratif yo ;</li><li>• Ogmantasyon kantite manm pèsonèl la ;</li><li>• Developman ak amenajman lokal teritwa a ;</li><li>• Ogmantasyon resous finans lokal yo ; ak</li><li>• Ranfòsman enstitusyonèl Kolektivite Territoryal yo.</li></ul> <p>Li klè ke prèske 10 ane apre, pwogrè ki gen rapò ak pwogram desantralizasyon sa a se pratikman nilu e ke li nesesè pou repanse estrateji aksyon an depi anba (sosyete civil ak Kolektivite Territoryal) anlè (Leta, ONG ak òganizasyon entènasional).</p>
--------------------------	--

<b>Objektif mezia</b>	Ogmante efikasite aksyon ak envestisman ki fèt nan kominote yo nan mobilize ak kowòdone aktè lokal yo (fi kou gason).
<b>Deskripsiyon mezia</b>	<p>Identifye relasyon ant differan òganizasyon ak asosyasyon ;</p> <p>Kòdone aktivite òganizasyon ak pa kolektivite territoryal yo pou asire òganizasyon entèvansyon ak kontinyite nan aksyon nan benefis kominote yo ;</p> <p>Etabli relasyon konfyans ant otorite lokal yo, divès òganizasyon yo ak populasyon an nan etabli pratik echanj ak konsiltasyon ak sitwayen yo sou gwo desizyon, pratik responsabilite anvè sitwayen yo ak sitwayen yo (fi, gason) ;</p> <p>Etabli relasyon ant kolektivite territoryal yo, fòs lòd ak sitwayen yo pou konbat enpinite ak delenkans ;</p> <p>Aplike kota omwens 30% fanm nan tout aksyon nan nivo kominote yo pou garanti prensip tout moun ladan I ;</p> <p>Enplikasyon jèn yo, moun andikape yo, moun nan kominote LGBTI nan gwooup refleksyon yo ak echanj nan nivo kominote a pou ka rammase bezwen ak revandikasyon tout moun ;</p> <p>Patisipasyon Kolektivite Territoryal yo nan siveyans entèvansyon ONG yo nan kominote yo nan kowòdone ak amonize aksyon ONG yo sou teren an.</p>

## ***Mezi 2.2 : Ranfòsman fanmi an***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Nou obsève an Ayiti : anpil jèn manman san fòmasyon ki san akonpayman; jèn papa irresponsab, timoun abize, abandone, anpil gason zokiki k ap sikile san laperèz, anpil sant òfelina agoch adwat, yon analfetis ak yon kite lekòl anvan lè, anpil timoun ak jèn timoun k ap sikile anndan tout peyi a ak sou fwontyè, elt. N ap siyale tou gen anpil moun andikape ak tigranmoun ki abandonen. Anpil fanmi an Ayiti gen anpil difikilte ak lòt gran pwoblèm : gwo mizè, anpil ensekirite (sosyal, politik ak grangou), pwoblèm jwenn sèvis primè yo, anpil timoun ak jèn lage kò yo nan gang, nan simen lat-woublay.</p> <p>Nan zòn fwontyè yo, tifi ak jèn fi yo livre kò yo bay gason zokiki yo, tout kalite. Nou tande pale sou trafik moun, trafik pou lajan. Sanble tou gen pati kò moun k ap sikile lib elibè, san okenn kontwòl nan pwen pasaj sou fwontyè yo. Fanmi pòv yo pa pwoteje. Responsab ki chaje pou pwoteje timoun pa konsidere konpetans paran yo. Gwo tonton lamicè a aklè. Sitiyasyon sa a inkyetan anpil. Tout sitiayson sa yo mande meri yo, kolektivite territoryal yo entèvansyon planifye, enstans leta yo apiye pou devlopman konpetans lokal yo.</p> <p>Nou konsidere fanmi an nan yon sans trè laj. De nan pwovèb nou yo pèmèt nou wè klè : lafanmi se dra / vwazinaj se fanmi. Sa pèmèt nou rive nan relasyon moun, fanmi menm san yo ak lòt kalte relasyon ant moun ki konsidere tèt yo tankou fanmi dapre sèten koutim yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Pote koreksyon nan sitiayson fanmi nou te wè yo k ap viv nan komin nan : Devlope yon bon komunikasyon toutan ak :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fanmi k ap viv nan komin nan ak.</li> <li>• Tout sant fòmasyon yo, tout lòt enstitisyon k ap travay nan kesyon fanmi, timoun, jenès nan komin nan.</li> </ul> <p>Akonpaye fanmi yo pou ranfòse kapasite paran yo.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Jan nou konsidere fanmi an, sa pèmèt abòde pi byen kesyon solidarite a. Sa pèmèt tou pou jwenn kominate kote fanmi an ye a. Sa ap pèmèt travay Kolektivite Territoryal yo fèt pi fasil. Li kapab mwens difisil pou jan Kolektivite Territoryal sou bò fwontyè pou I mennen aksyon nan kesyon trafik moun, timoun, si kominate a, ak mwayen fanmi yo, antre nan kesyon dwa ak pwoteksyon timoun.</p> <p>Li kapab tou mwens difisil pou jwenn espas fanmi yo pou edikasyon timoun abandonen yo nan komin nan ak sak nan yo ki gen manman yo ki mouri nan akouchman.</p> <p>Tout sa mande pou pran konsyans sou gwo tonton pwoblèm yon majistra (fi, gason) ki dwe asire lapè ak byennèt nan komin li. Solidarite a ap fasilité pratik solidarite dantan yo retounen nan fanmi ayisyen an.</p>

	<p>Kèk mezi pratik kapab ride abòde pwoblèm konplike sa a nan sosyete nou an :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Resansman fanmi nan komin nan ;</li> <li>• Aktivite pou akonpaye paran yo ;</li> <li>• Mete sou pye ak bon jan fonksyonman lekòl kominal pou timoun nan laj ki pa ale nan okenn lekòl ;</li> <li>• Mete sou pye bon jan aktivite lwazi ;</li> <li>• Rankont tanzantan pou pale sou timoun ak aktivite yo ;</li> <li>• Mete sou pye komite paran pou jwèt ak lwazi pou jèn yo ;</li> <li>• Detekte ak siyale jèn ki lage ak endijan nan komin nan ;</li> <li>• Konsidere moun andikape yo nan tout sa lameri ap antreprann.</li> </ul>
--	---

## ***Mezi 2.3 : Patisipasyon ak angajman travayè sosyal yo nan desizyon kolektivite territoryal yo***

<b>Konteks ak jistifikasyon</b>	<p>Depi plizyè dizèn lane, peyi nou an tounen yon kote « ONG » yo pouse tankou dyondyon. Se sa ki fè peyi a ap viv demach devlopman ak pwojè, ki fèt apati plizyè reyalite, ki pa toujou konsidere abitid ak koutim li yo. Swivi yo pa toujou fèt jan sa ta dwe fèt epi leta pa foure I twò fon nan sa. Nou gen pou ekzanp divès aktivite devlopman lokal san yo pa gen rasin nan yon gran pwojè nasyonal. Souvan, avansman oubyen non-avansman pwojè yo, rete depann sou bon kè sèten peyi ki ankouraje lojik « ONG » a. Konstitisyon 1987, nan kreye Kolektivite Teritoryal yo louvri wout devlopman an kote patisipasyon sitwayen yo, fi kou gason, vini yon eleman fondamantal.</p> <p>Travayè sosyal yo reprezante pwofesyonèl entèvansyon fòme nan inivèsite nan disiplin Sèvis Sosyal. Yo kapab pwodwi yon refleksyon teyorik, apre mete kanpe yon demach travay nan kad aktivite li yo. Se pou distenge asistans sosyal yo jodi a ki fè sèlman aktivite asistans san yon refleksyon anpwofondè sou aksyon yo. W jwenn pamisistan sosyal yo moun ki fòme sou teren, relije plizyè kalite konfeson relije ak tout kalite moun yo ki di yo ap « travay nan sosyal la » san yo pa konprann twòp non sèvis sosyal la. Akòz Leta ak Kolektivite Teritoryal yo pa fè entèvansyon nan fè aksyon soysal, asistans sosyal yo anvayi diferan teren pratik kote pwofesyonèl travay sosyal yo ta dwe fè entèvansyon.</p> <p>Travayè sosyal yo tounen jodi a pwofesyonèl endispansab depi nan defini jiska nan aplike aksyon sosyal pou popilasyon an, espesyalman pou pi fèb yo. <b>Reyèlman, popilasyon an vin pèdi dwa ak devwa I epi chita kè kale nan yon pratik mandyan, tou sa se konsekans aksyon mizerab sa yo. Tousa fè li pa kalifye kòm aktè, fi kou gason, pou I enfluyanse avni I nan bon sans.</b> Travayè sosyal yo, dapre fòmasyon yo, dapre konesans yo, dapre kapasite yo, devlope yon pakèt teknik ki pèmèt yo byen idantifye, ale jwenn epi akonpaye kominote yo epi moun yo nan tout dwa ak devwa yo. Nou jwenn pwofesyonèl sa yo plizyè kote, tankou nan izin, nan etablisman lasante yo, nan kominote yo, ak nan lekòl yo pou pèmèt respekte dwa moun.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Sèvi pi byen ak konpetans travayè sosyal ki endispansab jodi a pou fè aksyon sosyal yo vin pi pwofesyonèl pou ale jwenn bezwen popilasyon an.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p>Kreye yon sèvis Travay Sosyal nan kolektivite territoryal yo tankou yo fè sèvis vwari a.</p> <p>Fikse epi mete nou dakò avèk sèvis Travay Sosyal la sou aksyon sosyal nan komin nan.</p> <p>Idantifye asosyasyon ak òganizasyon k ap travay nan chak kolektivite e nan ki domèn y ap travay.</p> <p>Idantifye epi fè lis travayè sosyal yo ki se pwofesyonèl ki se moun Depatman ak Kolektivite Territoryal la.</p> <p>Fè rekritman yon pèsonèl kalifye pou fè aksyon sosyal yo.</p>

### 3 – DEMOKRASI AK SITWAYÈNTE



Nan dènye jou sa yo, nou sèvi anpil ak mo « **demokrasi a** ». Men twò souvan, nou panse nou genyen demokrasi, epi li soti nan konpòtman ak ajisman dirijan nasyonal yo. Kòm sitwayen, n ap tann eli nou yo konsilte nou anvan yo pran desizyon enpòtan yo, epi yo sispann move ajisman yo lè majorite sitwayen yo rele dèyè yo. Se sa ki te dwe fèt dapre atik 58 Konstitisyon an « *Souverènte nasyonal la chita nan invèsalite sitwayen yo* ».

Men, rete pou fòme sitwayen yo, fi kou gason, pou ekzèse souverènte sa a, fè prensip souverènte popilè sa a, vin reyèl pou konstwi yon demokrasi veritab.

An Ayiti, popilasyon an anjeneral ak sitwayen yo anpatikilye, fi kou gason, pa konnen yo gen pouvwa (chwazi ak kontwole dirijan yo) ak kapasite pou enfliyanse (nan veye, voye petisyon, bay sinksyon) nan aksyon piblik pou amelyore kondisyon lavi yo ak pa sitwayen parèy yo. Sitwayen ak konsitwayen yo adopte yon atitud viktim (de bra balanse) san fòs devan degradasyon kalite lavi yo.

Yon lòt kote, politik la, lè nou konsidere I anjeneral, jan yo pratike I an Ayiti, fèt yo jan pou fè sitwayen yo (fi kou gason) kanpe lwen tout aktivite politik. Vyolans ak estrateji mafya yo nan zafè politik mennen nou nan yon dezenteresman total. Sitiyasyon sa a fè kwè se brav yo sèlman, kowonpi, sakrifye yo, ki kapab fè politik. Men tou, se sèl yo menm ki ka reklame dwa yo anpiblik kòm sitwayen (fi kou gason) jan Konstitisyon 1987 Ayiti a konsakre dwa sa yo pou tout moun. Trant (30) dènye ane sa yo, nou viv yon reyalite ki san parèy, yon seri lidè politik asasiné ak yon bann aktè sosyete sivil la sibi menm sò.

Ti kantite moun ki patisipe nan eleksyon yo montre majorite sitwayen yo (fi kou gason) pa kwè ditou nan eleksyon san magouy. Konsèy Elektoral Pèmanan an (KEP), Konstitisyon 1987 prevwa, pa janm rive kreye apre 33 lane. Absans volonte politik pou mete kanpe estriki sa, ansanb ak mank kad institisyonèl pou fonksyonman pati politik yo ka fasilman entèprete tankou yon refi sisyèt ayisyèn nan pou li gen instriman pou li ka mete anplas yon demokrasi enklisiv ak patisipatif. Eleksyon yo parèt tankou yon estrateji, yon enstriman pou sèvi ak kominate yo, anpatikilye pi fèb yo, pou satisfè enterè endividé ti koulout (pran pouvwa a pou ranmase tout pou li oubyen pou patizan l).

Alòs, lè krim finansye yo (detounnan lajan Leta) oubyen asasen politik yo rete san pinisyon, sa gen konsekans : aktè politik yo, yon fwa yo opouvwa, yo kwè yo ka fonksyonnen libelibè, epi yo santi yo pa dwe rann kont bay okenn sitwayen (fi kou gason) ki te eli yo opouvwa. Késyon transparans ak rann kont pa nan kilti administrasyon piblik an Ayiti, se menm jan pou nivo lokal la. Yon ekzanp, « pou Fon Jesyon Kolektivite Teritoryal yo, FJKT se Ministè Enteryè ak Kolektivite Teritoryal (MIKT) ki jere I poukont li » (Paul, 2015). Tèlman gen dout sou jesyon kolektivite yo, menm lè yo pibliye rapò yo, kominate yo pa kwè nan rapò jesyon sa yo.

Li bon pou n poze kesyon estratejik sa a « èske demokrasi a konsti soti anwo desann anba ? » Sa vle di, Leta ak Eli lokal yo patisipe nan mete anplas enstans desantralize yo, oubyen alavè soti anba rive anwo ak sitwayen yo. Pou sa, yo mobilize pou revandike, kreye ak okipe espas pouvwa lokal la malgre baryè yo : atitid vagè Leta ak dirijan yo. Pou presize zafè sa a, n ap mande tèt nou kouman pouse mouvman demokrasi peyi a derape apati komin ak sekson kominal yo.

Nan sijè sa a « Demokrasi ak Sitwayènte » n ap prezante senk (5) mezi. Yo pa gen pretansyon reponn tout bezwen yo. Men se omwens imaj ansanm kesyon divès gwoup yo, nou te rankontre atravè peyi a.

- Mezi 3.1 : Edikasyon sitwayènte angaje - Fòmasyon sou dwa moun nan lekòl ak nan òganizasyon kominotè baz ak peyzan yo
- Mezi 3.2 : Respekte epi fè respekte Libète Lapawòl
- Mezi 3.3 : Entegrasyon sitwayen yo (fi / gason, jèn, fanm ..., tout kategori ...) nan patisipe nan espas konsètasyon ak plent pou fòmile politik piblik ak ranfòsman dinamik territoryal yo
- Mezi 3.4 : Konstriksyon ak mete anmach yon demokrasi lokal ak tout kategori sektè san divize politik, nan sèvis tout popilasyon an
- Mezi 3.5 : Rann kont sou jesyon lokal la, Asire popilasyon an enfòme sou tout desizyon ki pran nan nivo lokal ak sa ki konsènen teritwa li

## MO KLE YO

**Jwenn enfòmasyon :** « Dwa pou jwenn enfòmasyon, entèprete nan sans fèmen domèn jiridik la : libète enfòmasyon ki sòti nan òganis piblik yo, oubyen nan sans pi laj, ki konsidere sikilasyon enfòmasyon ki soti kote lòt aktè. Nan dènye ka sa a, li mare ak libète lapawòl ... Libète enfòmasyon an ki ede nan transparans, gen konsekans dirèk sou batay kont koripsyon » (<http://www.unesco.org/new/fr/unesco/events/prizes-and-celebrations/celebrations/international-days/world-press-freedom-day/previous-celebrations/worldpressfreedomday2009001/themes/access-to-information>)

**Sitwayen (fi/gason)** : *Tout moun ki gen laj 18 lane ak plis, ki gen dwa ak devwa.* (Konstitisyon 1987 la, atik 16)

**Sitwayènte angaje** : Konstitisyon an, nan pati III li a, di kiyès yon sitwayen ye. Sitwayènte a se jwi dwa sivil ak politik ou epi ekzèse yo. Anplis yon estati jiridik ak wòl sosyal yo, sitwayènte a, se tou valè sa yo : respè youn pou lòt, sivis ak solidarite. Respè youn pou lòt la, se yon re-konesans ant moun yo antre yo nan tolerans, nan kolaborasyon, nan respè diyite moun nan, pou pèmèt yon pi gran amoni nan sosyete a. Sivis la konsènen moun nan menm, se respekte, fè respekte lalwa ak règ yo ki la a yo antan ou pran konsyans devwa yo anfavè sosyete a. Sivis la, li mare ak yon kopòtman aktif, nan lavi publik chak jou ki pouse I aji nan enterè jeneral pase nan enterè patikilye. Solidarite a, se yon atitud akeyi moun, ki se prensip repiblikan fratènite a. Sitwayènte angaje a, se patisipe aktivman, demokratikman nan reyalizasyon aksyon yo wè nan benefis tout kominate a ak peyi a.

**Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun (DIDM)** : Dokiman Asanble Jeneral Nasyonzini adopte 10 desanm 1948 ki pwoklame dwa fondamantal moun, ki rekonèt anjeneral, kòm fondman dwa entènasyonal pou Dwa moun. Pami dwa sa yo :

*Tout moun gen dwa libète bay opinyon yo san kraponnay pou chache, resevwa, epi gaye, san limit fwontyè, enfòmasyon, lide ak tout mwayen li kapab.* (DIDM, atik 19).

**Edikasyon ak fòmasyon** : Se de (2) mòd anseyman, diferans yo chita nan chwa ak bezwen popilasyon konsène an.

- **Edikasyon** : Se transmèt konesans ak konpetans pou devlope kapasite pwòp tèt ou, antan w ap la ak lòt yo, patisipe nan lavi sosyal la, epi fè kilti jeneral la antre nan ou-menm.
- **Fòmasyon** : Se pran teknik ak pratik nan nenpòt ki sektè oubyen domèn.

**Jesyon lokal** : *Kolektivite territoryal yo (komin, seksyon kominal yo) genyen administrasyon yo (bidjè : resèt - depans) avèk konpetans espesifik.* (Konstitisyon 87, atik 61)

**Rann kont** : Se aktivite enfòme, pibliye rapò sou lajan ak lòt aktivite yo : dekrè, kominike sou desizyon otorite lokal yo, departmantal, nasyonal yo pran ki kapab gen konsekans sou lavi popilasyon teritwa a (seksyon kominal, bouk, lavil).

**Tolerans** : « *Atitud yon moun ki dakò lòt moun ka panse ak viv yon jan diferan ak pwòp mannyè pa li.* » (Definisyon nan « Le dictionnaire Larousse en ligne », konsilte 15 mas 2021, <https://www.larousse.fr/dictionnaires/francais/tolerance/78312>)

## ***Mezi 3.1 : Edikasyon sitwayènte angaje – Fòmasyon sou dwa moun nan lekòl ak nan òganizasyon kominotè baz ak peyizan yo***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Prensip ki etabli nan Deklarasyon Invèsel Dwa Moun yo, konsidere kòm pi gran evènman istorik Nasyonzini. Prensip sa yo se yon ideyal komen pou tout pèp rive. Kofi Anann, ansyen sekretè jeneral Nasyonzini ajoute nan entwodiksyon yon piblikasyon nan lane 2009, Asamble 10 desanm 1948 la, te mande eta manm yo pibliye tèks DIDM epi fè tout mannyè pou li distribye, afiche, li ak kòmantè prensipalman nan lekòl yo e nan lòt etablisman ansèyman san distensyon kèlkeswa estati politik peyi ak teritwa yo.</p> <p>An Ayiti, yon ti liv ki rele « Manyèl enstriksyon Sivik ak Moral » te sèvi lontan nan tout lekòl peyi a, ki te esplike dwa ak devwa sitwayen an. Ansèyman ak ti liv sa a te obligatwa nan tout klas lekòl primè, menmjan ak ansèyman lòt matyè yo.</p> <p>An Ayiti, trant lane diktati « Duvalier » yo te elimine ofi amezi fòm ansèyman sa a ki te jennen rejim bout di ki t ap fonksyòn an. Konsa, kesson edikasyon sitwayènte a ak dwa moun yo, te prèske disparèt nan sal klas yo, kote menm machann liv bò lari yo pa t oze ekspoze ti liv sa a pam i lòt liv yo. Konsa jodi a, liv sa a, ou pa ka jwenn li ditou.</p> <p>Se apati Jan Klod Divalye tonbe nan lane 1986, yo kòmanse reparèt an chat pent avèk tèm sitwayènte a. Konsèy Nasyonal Gouvènman (KNG) te kreye an 1986 yon Asamble Konstituyant pou te gen misyon ekri yon lòt Konstitisyon, adapte ak nouvèl sitiyasyon politik sosyal peyi a, ki te adopte an 1987. Se te yon aksyon senbolik koupe fache ak diktati, yon moniman pou laglwa dwa moun yo, respè ak pwomosyon yo.</p> <p>Deklarasyon Invèsel Dwa Moun (DIDM) ak Deklarasyon Endependans 1804 la fòme tout entwodiksyon Konstitisyon nou an, epi yo se wòch pyè ki se baz fondamantal Manman Lwa nou. Nou jwenn nan yo tout gran wout pou rive nan konstriksyon nouvo demokrasi nou an.</p> <p><b>Sitwayen (fi kou gason) gen dwa ak devwa yo fikse nan Konstitisyon an.</b> Yo aji sèl oubyen, angwooup, nan ekzèsis dwa yo, tankou, dwa enfòmasyon (Konstitisyon 1987).</p> <p>Yo prevwa tou, kreyasyon Ofis Pwoteksyon Sitwayen (OPS) kòm espas nasyonal espesyal pou pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun. OPS gen pou misyon pou fè pledwaye pou dwa moun ak resevwa plent sitwayen yo kont Leta. OPS se yon nouvo enstitisyón, se pasaj oblige ant sosyete civil la ak Leta, li enpòtan pou sonje Administrasyon Biblik la responsab pou mete an operasyon tout atik Konstitisyon 1987 ak sa Deklarasyon Invèsel Dwa Moun yo.</p> <p>Nan menm tan sa a, peyi a te viv yon peryòd kriz san parèy ak yon latrìye gouvènman ak debakman twooup ameriken, epi « kas ble » Loni yo sou sòl nasyonal la. Apre retou sou pouvwa gouvènman demokratik ki te eli an 1994 la, yon « Komisyón Nasyonal Verite ak Jistik - SI M PA RELE » te</p>
---------------------------------	--

	<p>enstale an 1995 pou ankete sou krim ki te fèt diran twazan (3) diktati a apre koudeta 25 sektanm 1991 la. (Komisyon Nasyonal Verite ak Jistis 1995, 1996). Poutan, rapò Komisyon sa a pa t pwodwi okenn rekòmandasyon ki konsènen edikasyon sivik ak fòmasyon popilasyon an sou dwa yo.</p> <p>Pou pwouve mank enterè gouvènman yo apre 1987, sou koze dwa moun, rapò anyèl ak achiv OPS montre, se apre dizan kreyasyon I, li te rive louvri pòt li nan dat 4 novanm 1997.</p> <p>Jis kounye a, malgre plis pase 20 lane, misyon estabilizasyon Nasyonzini yo an Ayiti, edikasyon sivik la rete absan nan pwogram ofisyèl lekòl yo, kòm li pa obligatwa, li pa okipe okenn plas nan ansèyman lekòl la. An 2009, Pwotektè Sitwayen yo, ki te konstate pwoblèm sa a, te mete yon pwogram entwodiksyon nan Sivis ak nan Dwa Moun ki ta sanble kanpe.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Pèmèt sitwayen yo pran konsyans plas yo nan kesyon lajistis ak sosyal, yo jwe wòl aktè kòm sa dwa nan kominote a epi pran konsyans li se detantè dwa ak devwa anvè limenm, anvè peyi l.</p> <p>Fasilite tout sitwayen (fi kou gason), tout gwoup sitwayen, jwenn enfòmasyon sou tout kesyon enterè jeneral antan n ap pwoteje mwayen komunikasyon yo.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p><b>Responsabilite Kolektivite Teritoryal, Konsèy Minisipal ak KASEK / ASEK kòm eli lokal</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Manifeste sans devwa li nan ofri moun ki vote I nan kolektivite li a edikasyon sivik nan sistèm eskolè ak bon jan fòmasyon sou dwa moun nan benefis gwoup òganize sosyete civil la.</li> <li>Asire li, bezwen ak demann yo nan kesyon edikasyon sivik ak fòmasyon sou dwa moun, yo ranmase yo nan Komisyon Edikasyon Konsèy Kominal la epi ale pi devan nan chenn Kolektivite Teritoryal yo.</li> <li>Veye pou lajan ki nesesè yo prevwa nan bidjè kominal la rive jwenn otorite konsènen an pou reyalizasyon yo fèt.</li> <li>Aprann : Yon demokrasi ka fonksyonen sèlman sou diktati Lalwa.</li> </ul> <p><b>Wòl sitwayen kòm detantè dwa yo epi aktè nan siveyans ak respè dwa sa yo</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>Patisipe aktivman nan espas dyalòg ak konsètasyon pou egzije etablisman nan lekòl yo, fòmasyon anseyan yo nan kreyasyon pwogram edikasyon sivik.</li> <li>Swiv epi evalye pèfòmans Kolektivite Teritoryal yo nan kesyon edikasyon sivik ak enfòme dirijan yo sou mezi koreksyon swete a.</li> <li>Konprann sistèm jiridik ayisen an soti nan « Akt Endependans 1804 » la, epi li kontinye nan Dekalrasyon Invèsel Dwa Moun, dapre entwodiksyon Konstitisyon anvigè a.</li> </ul>

## ***Mezi 3.2 : Respekte epi fè respekte Libète Lapawòl***

<b>Konteks ak jistifikasyon</b>	<p>Youn nan pi gwo byen demokrasi a apre rejim diktati Divalye yo tonbe se dwa lapawòl. Jounen jodi a, libète lapawòl la andanje. Byen sa a pèmèt, pamì lòt bagay, vòt Konstitisyon 1987, manifestasyon pasifik yo, elekson popilasyon an vin vote, epi elekson Kolektivite Teritorial yo, espas patisipasyon demokratik yo.</p> <p>Genyen tou, yon tandans fò k ap devlope jwenn yon pòs nan gouvènman an, bay dwa ak privilèj, san okenn devwa. Gwo tonton frè yo bay eli ak dirijan ekzekitif yo, ankò se atitud ki mele m dirijan yo san obligasyon pou reponn kesyon gouvènè yo, ak endiferans yo sou sa sitwayen yo ap di sou konpòtman, aksyon ak rezulta sou jesyon yo ki temwanye tandans sa.</p> <p>Lè w konsidere mwayen komunikasyon yo (patikilyèman medya yo, enstitisyon sosyal yo, espas publik yo, elt ...) yo diminye ofiyamezi posibilité lapawòl popilasyon an, sitou sa ki pi fèb yo. Anplis, san kad legal ki pèmèt konsyonman medya altènatif (sitwayen epi asyosatif, tankou medya kominotè yo) gwoup baz yo ap jere, anpeche yo sèvi ak yo tout bon kòm mwayen pou eksprime revandikasyon yo san baboukèt, se ankò baryè nan kapasite ekspresyon manm ak gwoup kominote a.</p> <p>Anplis ankò, gen yon gwo tonton difikilte, se yon gwo twou ki separe sa ki ka sèvi ak Teknoloji Enfòmasyon ak Kominikasyon (TEK) ak sa ki pa kapab ; tankou entènèt, ak sa ki pa gen enèji, yon koneksyon estab ki kapab pèmèt omwens enfòmasyon Leta a oubyen gouvènman an pase.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Fè tout manm kominote yo, seksyon kominal rive depatman, pale sou tout kesyon enterè publik epi revandike dwa yo ak tout mwayen legal ki ekziste nan koute popilasyon an.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p><b>Responsablite Kolektivite Teritorial yo, Konsèy Minisipal ak KASEK / ASEK, kòm eli lokal ak asosyasyon medya ak jounalis yo, direksyon, responsab komunikasyon òganizasyon ak enstitisyon yo, se:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Enstale zouti, ak mwayen pou rannase tout lide, opinyon, konsèy ... popilasyon an (bwat doleyans, telefòn espesyal, elt ...).</li> <li>• Etabli koulwa komunikasyon ak kèk pratik bon relasyon ak laprès.</li> <li>• Sèvi ak nouvèl teknoloji yo, pou yon pi bon metriz rezo sosyal yo pou ka reponn popilasyon an, epi pataje enfòmasyon.</li> <li>• Fè pwomosyon dwa yo epi ankouraje edikasyon sitwayen yo nan pale sou dwa yo.</li> </ul>

***Mezi 3.3 : Entegrasyon sitwayen yo (fi / gason, jèn, famm ..., tout kategori ...) nan patisipe nan espas konsètasyon ak plent pou fòmile politik piblik ak ranfòsman dinamik territoryal yo***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Pou jistifye mezi a, men yon lis pwoblèm ki bay pi ba a :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Tandans mete sèten gwoup sou kote nan popilasyon an, tankou famm ak jèn yo ;</li> <li>• Pa gen espas dyalòg kominotè ant sitwayen ak eli lokal yo ;</li> <li>• Manke transparans nan jesyon piblik la ;</li> <li>• Feblès nan pratik rann kont, bay rapò ;</li> <li>• Koripsyon nan tout sektè, nan tout nivo Leta a ;</li> <li>• Manke posibilité pou ranfòse patisipasyon sitwayen yo nan planifikasyon ak ekzekisyon politik piblik yo ;</li> <li>• Pa gen posibilité pou sitwayen yo pote plent ;</li> <li>• Yo pa konnen responsabilite ki mare ak pòs eli lokal yo.</li> </ul>
<b>Objektif mezi a</b>	Mennen otorite lokal ak sitwayen yo ekzèse fonksyon pa yo, an mete kanpe yon kilti dwa moun nan kominote yo.
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p><b>Responsabilite Kolektivite Territoryal yo, Konsèy Minisipal ak KASEK / ASEK, kòm eli lokal se :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Pran konsyans, Leta kòm administratè fonksyon piblik la se sèl responsab nan mete an mach dwa moun nan benefis popilasyon an.</li> <li>• Asosye òganizasyon sosyete sivil yo nan espas dyalòg ak konsètasyon, nan pran desizyon sou edikasyon sivik ak fòmasyon sou dwa moun.</li> <li>• Mande OPS pou kreye estrikti lokal ki kapab resevwa plent popilasyon an.</li> </ul> <p><b>Wòl sitwayen kòm moun ki gen dwa epi aktè nan siveyans, respè dwa li yo, se :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fè konnen bezwen pou jwi ak respekte dwa fondamanatal li yo : dwa lavi, dwa libète, dwa chache bonè a.</li> <li>• Fè pledwaye kote eli lokal yo pou ede fè pwomosyon ak pwoteksyon dwa moun.</li> <li>• Pote plent devan OPS kont tout vyolasyon dwa moun, ajan oubyen enstitisyon piblik yo komèt (ekz : yon jij-de-pè).</li> </ul>

### ***Mezi 3.4 : Konstriksyon ak mete anmach yon demokrasi lokal ak tout kategori sektè san divize politik, nan sèvis tout popilasyon an***

<b>Konteks ak jistifikasyon</b>	<p>Pou nou pale demokrasi nan nivo administrasyon, nou konsidere, n ap sèvi ak ekspresyon demokrasi lokal. Li enpòtan pou n travay nivo lokal la pou n pouse sitwayen fi / gason pran responsabilite yo nan nivo lokal kominote yo ap travay pou devlopman lokal la. Nan yon premye tan, sitwayen yo (fi /gason} kapab pi fasilman konprann pwoblèm lokal yo, dekouvri faktè pwoblèm sa yo ki frape yo dirèkteman, nan aktivite pwodiksyon, nan vann pwodwi yo, nan achte pwodwi enpòte, nan jwenn sèvis, nan rapò fanmi yo, nan edikasyon pitit yo nan kesyon regle konfli, nan jwenn espas lwazi yo, elt.</p> <p>Alòs, yo (fi / gason) gen enterè swiv, konprann ak patisipe nan desizyon konsènan espas lokal la (Seksyon Kominal, Komin) ak nan aktivite ki enterezse tout popilasyon espas teritwa konsènen an, pou defann enterè yo ak pou konstwi avni yo. Administratè espas territoryal sa yo, Konsèy Minisipal oubyen KASEK, reprezantan popilasyon an kote KM oubyen KASEK yo (manm AM yo oubyen ASEK yo, kandida nan pòs manm KM, KASEK, AM oubyen ASEK, tout sitwayen Komin yo oubyen Seksyon Kominal ap byen dispoze yo pou byen komen kesyon sa yo.</p> <p>Annou prezante ekzanz yon dosye ki enterese tout nivo yo. Lè n ap pale tè Leta nan yon komin, atik 74 Konstitisyon an di konsa « <i>Konsèy Minisipal se jesyonè privileje tout tè domèn prive Leta, ki nan limit Komin nan. Yo pa fè okenn tranzaksyon sou yo san Asanble Minisipal la pa bay dizon li anvan</i> ». N ap fè ou sonje, premyèman, selon atik 39 Konstitisyon an, « <i>Abitan yon seksyon kominal gen dwa anpremye pou eksplwate tè domèn prive Leta ki nan lokalite a</i> ». Kote KASEK, ASEK ak abitan Seksyon Kominal la ap travay. Yon lòt lide, selon atik 82, kòd riral la, « <i>Koperativ yo gen priyorite afèmen tout tè ki rete vid domèn prive Leta</i> » kote abitan Seksyon Kominal enterese yo ap travay epi ki anndan koperativ la. Alòs, nan chak Seksyon Kominal, nou ta dwe gen yon estrikti pou fòmasyon sosyal, ekonomik, sivik ak kiltirèl popilasyon an. Selon atik 64 Konstitisyon an, KASEK yo enterese ak koperativ yo, ak dwa yo pou fòmasyon sosyal, ekonomik ak devlopman lokal.</p> <p>Pou pati tè domèn prive Leta a, nou deja genyen enstriman legal nou ka reflechi sou li nan nivo lokal. Li rete pou travay enstriman legal yo ak popilasyon an. Nou dwe mennen gwo batay tè domèn prive Leta yo nan nivo nasional. Pou sa ranfòsman sitwayènte a nan nivo lokal la nesesè.</p> <p>Sitwayen yo (fi / gason) pa dwe rete sèlman nan zafè lokal. Yo dwe pwofite pratik lokal la antrene yo e prepare pi byen pou yon patisipasyon politik nan nivo nasional. Se konsa yo konstwi vrè demokrasi nan peyi a.</p>
---------------------------------	---

<b>Objektif mezi a</b>	<p>Remete sitwayen yo (fi / gason) nan nannan administrasyon kolektivite territoryal yo nan ranfòse pouvwa kontwòl ak sanksyonen jesyon otorite lokal yo.</p> <p>Lanse yon demach ak tout kategori aktè san mete okenn moun sou kote, pou tabli ak aplike yon politik piblik pou komin nan.</p> <p>Etabli koulwa pou fasilité kominote a pale ak enstans ki plase pou kontwole aksyon kolektivite territoryal la pou garanti pwoteksyon dwa sa a.</p> <p>Ranfòse yon kilti patisipasyon sitwayen ak rann kont nan gouvènans komin nan.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Kreyasyon ak operasyon nan gwoup travay ki konpoze ak eli lokal, sitwayen angaje nan pwomosyon ak ranfòsman angajman sitwayen. Bay yon atansyon espesyal pou gwoup ki pi fèb ak meprize yo (fanm, jèn, andikape yo, elt.) pou yo ka reprezante nan gwoup yo.</p> <p>Mennen atelye travay sou tèm sa yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Sitwayènte ak patisipasyon sitwayen ;</li> <li>• Domèn pouvwa Komin ak Seksyon Kominal yo ;</li> <li>• Echanj ak pataj eksperyans ak pouvwa ant eli lokal yo, enterè ak defi nan ;</li> <li>• Egzèsis sous kwazman pouvwa eli local ak anje teritwa a ak patisipasyon sitwayen yo ;</li> <li>• Idantifye e analize defi ak enterè sou teritwa a avèk reprezantan sektè kle yo ;</li> <li>• Transparans nan administrasyon Komin nan (Ekzanp : Swivi depans ak resèt) ;</li> <li>• Rann kont ;</li> <li>• Pote plent nan ka pa gen satisfaksyon.</li> </ul>

***Mezi 3.5 : Rann kont sou jesyon lokal la,  
Asire popilasyon an enfòme sou tout desizyon ki  
pran nan nivo lokal ak sa ki konsènen teritwa li***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Se obligasyon Leta pou l pibliye nan laprès : radyo, jounal ak televizyon, nan lang kreyòl ak franse tout lwa, arete, dekrè, akò entènasyonal, trete, konvansyon, tout sa ki konsènen Lavi nasyonal la, eksepte pou enfòmasyon sou sekirite nasyonal yo. (Konstitisyon 1987, Atik 40)</p> <p>Kesyon transparans ak rann kont lan pa antre nan pratik administrasyon pubblik an Ayiti, pa pale pou nivo lokal. Yon ekzanp, se Ministè Enteryè ak Kolektivite Territoryal (MEKT) ki jere pou kont li Fon Jesyon Developman Kolektivite Territoryal yo, san transparans pou eli kolektivite lokal yo. (Paul, 2015, p. 41)</p> <p>Yo sispèk koripsyon toupatou, menm lè rapò jesyon kolektivite territoryal yo ta pibliye, kominote yo pa t ap kwè nan yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Fè otorite lokal yo ranpli fonksyon rann kont yo, resevwa, tretman plent, ak kominike ak popilasyon an.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p><b>Pami responsabilite eli lokal yo (KM ak KASEK / ASEK) se :</b></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Jere resous teritwa yo : <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Konsèy minisipal yo (meri yo) responsab administrasyon resous Lakomin nan ;</li> <li>○ Konsèy Administrasyon Seksyon Kominal yo KASEK jere resous Seksyon Kominal la ;</li> <li>○ Komin yo bati yon bidjè kominal pou planifye resèt ak depans (envestisman ak fonksyònman) ;</li> <li>○ Enfòme sitwayen komin nan desizyon ki konsènen yo ;</li> <li>○ Pibliye an kreyòl ak franse, arete ak kominike kominal (desizyon Komin nan, Seksyon Kominal yo, Asanble Seksyon Kominal ak desizyon nivo Depatman ak nasyonal ki konsènen kominote a) ;</li> <li>○ Sèvi ak tout mwayen ki genyen, tout moun nan popilasyon ka jwenn pou enfòme yo (radyo, pòt-vwa, afich ...).</li> </ul> </li> <li>2. Rann kont sou jesyon yo : <ul style="list-style-type: none"> <li>○ Konsèy Minisipal la, KASEK la dwe rann kont nan Asanble-Minisipal la, ak nan Asanble Seksyon Kominal la, chak nan asanble pa l. Asanble Minisipal la, ponkò ekziste, Konsèy Kominal la ta dwe adopte dispozisyon sa yo ;</li> </ul> </li> </ol>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>○ Asosye popilasyon an nan bati bidjè kominal yo, avèk òganizasyon sisyete civil la ;</li> <li>○ Pèmèt Òganizasyon Sisyete Civil (OSS) la gen yon kopi bidjè kominal la (lis pèsonèl la, salè yo, avantaj yo, sibvansyon planifye, règ distribisyon sibvansyon yo) (yon efò transparans) ;</li> <li>○ Mete sou pye oubyen ankouraje kreye espas konsètasyon (AL / OSS) nan nivo lokal, pou swivi aksyon kolektivite territoryal yo, ekzanp Konsèy Developman Kominal yo (KDK), ak Konsèy Developman Seksyon Kominal yo (KDSK) ;</li> <li>○ Reprezantasyon tout kouch sisyete civil (sèks, lye residans) nan espas sa yo (kritè inklusyon : aksesibilite espas la, lang dominant, elt..) ;</li> <li>○ Tabli pwotokòl / pwosedì pou resevwa plent epi trete plent popilasyon an avèk yon atansyon espesyal pou kouch ki pi fèb, yo mete sou kote, ... (fanm, jenn fi, jenn gason, andikape, granmoun ak peyizan yo) ;</li> <li>○ KASEK yo dwe rann kont bay ASEK yo.</li> </ul>
<b>Konpleman enfòmasyon</b>	<p>Li enpòtan pou nou mete aklè fonksyon diferan otorite Kolektivite Territoryal yo (Komin, Seksyon Kominal) ak rapò yo gen antre yo.</p> <p>a) Sitwayen yo (fi kou gason) eli manm Konsèy Administrasyon Kolektivite Territoryal yo ak manm Asanble Territoryal yo. Yo dwe enfòme tèt yo sou moun yo gen pou eli yo : Pouwva, pase yo nan kominote a ak lòt kote yo t ap viv. Kandida yo pral di sitwayen yo kouman yo konprann misyon yo epi sa yo gen kòm pwojè pou administrasyon oubyen kòm reprezantan nan fonksyon li an. Lè kandida yo ap prezante pou yon dezyèm manda, diskite avèk yo sou bilan yo, anvan ou bay oubyen refize vòt ou yo pou yon novo manda. Sitwayen yo (fi / gason) ap reponn envitasyon manm asanble territoryal pou enfòme yo sou tout sa ki konsènen kominote yo epi/bay reprezantan yo lide pa yo.</p> <p>b) Konsèy Administrasyon Kolektivite Territoryal ap rankontre regilyèman Asanble Territoryal yo a pou prezante yo avansman travay ki ap fèt nan kominote a, demach k ap mennen kote lòt Kolektivite Territoryal oubyen otorite santral, yo eksplike Asanble yo pwoblèm administrasyon an rankontre, prezante novo pwojè yo ta vle devlope. Yo pale tou ak popilasyon teritwa yo a nan okazyon gran rasanbleman yo (fèt nasional, fèt lokal, jou mache, konpetisyon espò, ...). Yo ap fè efò pibliye yon ti journal kreyòl ; se ka sèlman kèk grenn journal, y ap kole yo kote ki frekante, kote anpil moun pase nan lokalite a.</p> <p>c) Manm Asanble yo ap patisipe regilyèman nan reyinyon travay ak Konsèy Administrasyon Teritwa yo. Y ap konplimante manm konsèy yo pou reyalizasyon yo apre y ap souliyen mankman yo. Manm konsèy yo ap voye rapò reyinyon travay yo bay Konsèy Minisipal la (nan ka ASEK) oubyen bay Konsèy Depatmantal (si l te fòme, nan ka se</p>

	<p>Asanble Minisipal la).</p> <p>Atik 73, 83, 87.1 Konstitisyon an pale sou rapò ant nivo Kolektivite Teritorial yo. Li pa devlope rapò ant popilasyon an ak Asanble yo. Yon Konstitisyon pa ka antre nan tout detay. Dayè, Konstitisyon 1987 la pa t menm prezante rapò ki genyen ant Seksyon Kominal la ak lòt Kolektivite Teritorial yo. Se apati lwa 28 mas 1996 la, Seksyon Kominal la vin antre nan ansanm administrasyon an.</p> <p>Nou dwe konte sou vijilans sitwayen yo (fi / gason) pou devlope tout bon pratik demokrasi yo. N ap egzije anpil pou sitwayen yo patisipe nan asanble yo, anvan ak apre sesyon yo ki fèt ak konsèy adminitrasyon nivo a.</p> <p>Men Asanble Teritorial yo ap rete toujou ankontak ak pati popilasyon oubyen gwoup ki eli yo a (abitasyon ou bitasyon yo) pou yo ka jwe wòl reprezantan yo pi byen, nan ka se manm ASEK, ASEK la oubyen delege lavil yo nan ka manm Asanble Minisipal (AM). Anvan chak sesyon ak Konsèy ki konsènen an, moun asanble yo ap rankontre pati popilasyon oubyen gwoup ki te mandate yo pou yo pran doleyans popilasyon an. Apre chak sesyon, yo dwe rankontre pati popilasyon oubyen gwoup nan popilasyon an pou enfòme yo sou pwen ki te diskite, rezolisyon ki pran, ak avansman pwojè KASEK oubyen Konsèy Minisipal la. Yo ka sèvi ak plas mache a pou òganize rankont la.</p>
--	--

## 4 – ADMINISTRASYON PIBLIK



Administrasyon Piblik la se yon eleman kle nan demach chanjman sosyal la. Se tout enstition ak sèvis piblik yo ki mete ansanm nan reyalizasyon misyon Leta a. Administrasyon Piblik la, kòm bra Leta, wòl li se defini, ekzekite, oubyen fè ekzekite gran oryantasyon Leta a nan divès domèn, ki konsènen tout sosyete a, ak priyorite li yo. Pou popilasyon an, li se reprezan tan vizib Leta. Se limenm ki resevwa tout demand ak reklamasyon. Administrasyon Piblik la sèvi entèmedyè ant Leta ak Sosyete a lè echanj ak konsiltasyon. Li fè sa tou nan tout si tiyasyon ki mande chita soutab rechèch solisyon ak konpwomi sou pwoblèm ki enplike divès sektè ak divès enterè diferan. Nan nivo territoryal, administrasyon piblik la fèb, souvan li pa ekziste. Souvan se kominate a ak asosyasyon yo, ONG ak lòt aktè prive ki pran plas Administrasyon Piblik la nan bay sèvis piblik nan kominate a nan mezi yo kapab.

Se pou rezon sa yo, nan demach pou mete kanpe kontra tranzisyon ekolojik ak sosyal la, administrasyon piblik territoryal la merite pou yo ta konsidere I tankou yon poto mitan konstriksyon an ak ranfòsman gouvènans territoryal.

Nan sijè sa a « Administrasyon Piblik » n ap prezante senk (5) mezi. Yo pa gen pretansyon reponn tout bezwen yo. Men se omwens imaj ansanm kesyon divès gwoup yo, nou te ran kontre atravè peyi a.

Mezi 4.1 : Bon gouvènans finansye

Mezi 4.2 : Jwenn sèvis

Mezi 4.3 : Bon fonksyonman administrasyon piblik la

Mezi 4.4 : Bon gouvènans territoryal

Mezi 4.5 : Angajman sitwayen

## ***Mezi 4.1 : Bon gouvènans finansye***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Mo gouvènans la gen plizyè sans, selon si wòl Leta a wè nan yon sans normatif oswa nan yon sans analistik (Kooiman, 2008). Dapre apwòch normatif la, yo souvan wè gouvènman yo pa reponn bezwen sitwayen yo (fi, gason), tankou etid sou feblès Leta yo, Leta echwe yo. Apwòch analyse a gen anpil nan direksyon yon miltiplisite aktè, konpayi, asosyasyon ak enstitusyon nan yon rezo, nan yon sitiyasyon lokal oswa mondyal kote rechèch la pou balans motive negosyasyon yo. Lòt apwòch konsidere yon konbinezon de fason pou gouvène. Nan ekriti sa a, gouvènans yo pran dapre apwòch analistik pou deziyen sitou fason pou gouvène, sa vle di egzèse otorite pou deside, egzekite, kontwole ak/oswa reprezante yon kominate moun, enterè oswa yon seri. nan pwoblèm. Nosyon « <i>bon gouvènans</i> » se nòmalman itilize pa enstitusyon finansye entènasyonal yo defini kritè yo pou « <i>bon</i> » administrasyon piblik nan peyi ki sijè a pwogram ajisteman estrik-tirèl.</p> <p>« <b>Gouvènans finansye</b> se ansanm demach, règ, prensip, valè ak enstitusyon yo ki pèmèt diferan aktè yo (òganis piblik lokal yo, Leta ak òganis entènasyonal, antrepriz, mouvman sosyal ak sitwayen yo, pam i lòt yo), jere aktif ak mouvman finansye yo (...) dapre yon modèl fòmèl pa twò estriktire, kote aktè yo, pratik ak règ pa yo jwenn plas epi tabli kò yo » (Wikipedia, 2021, <a href="https://fr.wikipedia.org/wiki/Gouvernance_financière">https://fr.wikipedia.org/wiki/Gouvernance_financière</a>).</p> <p>Gras ak definisyon sa yo, kisa nou ka di sou bon gouvènans finansye an Ayiti ?</p> <p>Jan nou gade I la, gouvènans finansye an Ayiti se yon travay ki pa fini. Gen yon mank nan sistèm ak mache finansye yo, fòmalizasyon règ ak prensip yo, oubyen aplikasyon yo.</p> <p>Nan sa ki konsènen « <i>Rann kont</i> », demach pou swiv yo, sanble lalwa pa fikse yo. Si Lakou-dè-Kont ak Tribunal Administratif (CSC/CA) transmèt nan Palman an yon rapò chak ane sou sitiyasyon finans peyi a ak sou efikasite depans piblik yo (Konstitusyon 1987, atik 204), yo pa janm pibliye rapò sa a, menm yon moso. Pa gen transparans nan jesyon fon Republik la.</p>
---------------------------------	--

<b>Objektif mezia</b>	<p>Ekzije ototrite lokal yo, kontab lajan leta yo nan Kolektivite Territoryal yo rann kont.</p> <p>Òf pou pwojè lokal yo, sa dwe fèt nan pasasyon mache nan transparans pou garanti pèmèt plis enterese poze kandidati yo pou mache a. Transparans demach, prensip ak règ yo, pou pèmèt trete kandida yo menm jan ak pou depans piblik yo bay pi bon rezulta.</p> <p>Ekzije tout eli lokal yo ak lòt fonksyonè yo anvan antre nan fonksyon yo ak apre yo prale kite I, deklare tout byen yo genyen nan tribinal Premye Ens-tans kote yo rete a. (Lwa 18 fevriye 2008, Konstitisyon 1987, atik 238)</p> <p>Ekzije pou vòt bidjè Kolektivite a, Asanble dwe fè li anpiblik, epi yo bon valè lajan dwe ale ann envestiman.</p> <p>Òganize yon sistèm pou denonse ka koripsyon yo.</p>
<b>Deskripsiyon mezia</b>	<p>Fè pledwaye pou adopte ak aplike règ ak prensip yo sou « <i>rann kont</i> » oto-rite yo dwe fè bay sitwayen yo.</p> <p>Tabli mekanis òrganizasyon ak kontwòl sosyal sou administrasyon territoryal yo, gwooup sitwayen yo (fi / gason) ekzèse.</p> <p>Ranfòsman lejislasyon an pou kontwòl demach ak prensip yo : lwa kont koripsyon, byen fonksyonè ak otorite yo, konfli enterè, achte byen piblik yo, pwoteksyon ak rekonzans yo.</p> <p>Ranfòsman lejislasyon penal la.</p>

## ***Mezi 4.2 : Jwenn sèvis***

<b>Konteks ak jistifikasyon</b>	<p>Dlo : yon kay sou 5, se 20 (20 kay sou chak 100)</p> <p>Kouran : 35,6% kay (92%, nan zòn laval / 10% nan zòn riral)</p> <p>Ranmase fatra : 8,8% kay, pami yo 1/4 konsantre nan Pòtoprens</p> <p>Estatistik IHSI (1998) montre mwens pase 36% popilasyon te jwenn twa (3) sèvis baz yo. Pou rès yo, done sou swen sante, edikasyon ak nivo lavi a antre anndan Endis Developman Moun (EDM). Ayiti gen yon palmarès ki fèb anpil, ki rive sèlman nan 0,503/1 (PNUD, 2019).</p> <p>Konsiderasyon sa yo montre feblès Leta a nan bay sèvis publik sitou nan zòn riral yo, epi volonte pou bay zòn riral yo priyorite. Yo etid sou sistèm swen sante yo (jen 2010) kenbe kòm prensipal baryè pou bay sèvis se : fèb resous finansye, rekritman ak kenbe pèsonèl la, òf teknik la fèb akòz manke materyèl, distans kote y ap bay sèvis yo. Se tout sèvis publik yo, prensipalman sèvis publik lokal yo ki gen menm pwoblèm sa yo rate, ire-gilarite ak move kalite sèvis.</p> <p>Konsa nou pa ka pale de integrasyon teritwa a anmányè aksesibilite ak prestasyon sèvis sa yo. Anplis, sèvis sa yo sitou disponib nan lang fransè sèlman.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Fè kreyòl la antre kòm-sa-dwa kòm lang ofisyèl (Konstitisyon 1987, atik 5) komunikasyon ak enfòmasyon publik la, nan tout administrasyon publik nasyonal ak lokal.</p> <p>Konbat koripsyon pou plis resous ale nan bay sèvis publik ak / oubyen nan amelyorasyon kalite a.</p> <p>Bay kliyantèl la yon sèvis kalite.</p> <p>Enfòme yo sou jwenn sèvis publik yo ak lè pou jwenn yo.</p>
<b>Deskripsyon mezi a</b>	<p>Fòme, enfòme publik la li gen dwa sèvi ak kreyòl la, lang manman ak lang ofisyèl (Konstitisyon 1987, atik 5) nan relasyon I ak administrasyon publik la ak Leta.</p> <p>Fè pledwaye pou jwenn dwa enfòmasyon an : li pare, li nèf, nan administrasyon publik ak Leta. Prensip demokratik sa a lalwa merite rekonèt li kòm dwa fondamantal.</p> <p>Òganize ansanm, epi mete sou pye règ kontwòl sosyal yo, sitwayen (fi / gason) ekzèse sou prestasyon sèvis publik yo, ak sou kalite yo. Òganize mwayen pou fè denonsyasyon ak reklamasyon yo.</p> <p>Fòme ajan publik ak otorite yo sou ekzijans kreyòl la, nan tout pwodiksyon ekri, pale, espesyalman dokiman pou publik la.</p>

Organize administrasyon an nan resevwa ak trètman rapid denonsyasyon ak reklamasyon yo.

Sistèm enfòmasyon ak komunikasyon anliy / ak oubyen enprime / afiche pou tout publik la sou administrasyon publik nasyonal ak lokal (aksyon, pwogram, pwojè, politik publik, divès resous, lwa yo, kote sèvis yo bay, lè yo bay yo, kondisyon pou jwenn yo, ekzijans administrasyon an, denonsyasyon ak reklamasyon).

Ranfòsman lwa yo sou jwenn sèvis, egalite nan bay sèvis, sekrè pwofesyonal nan bay sèvis publik la, kontwòl sosyal, denonsyasyon ak reklamasyon.

## ***Mezi 4.3 : Bon fonksyònman administrasyon piblik la***

<b>Kontèks ak jistifikasiyon</b>	<p>Aksyon ak chif yo montre aklè administrasyon piblik la pa bay sèvis jan sa ta sipoze ye nan metrize defi ak enterè nan devlopman, nan pwogrè sosyal, nan repons pwoblèm enfrastrikti ki reparèt yo, tankou travay sante, kay, sekirite fonsye, idantifikasiyon sitwayen yo, anviwònman, elt. Aksyon administrasyon territoryal la ankò pi fèb, lè pou elit ekonomik ak sosyal k ap viv nan yon ti zòn lavil la.</p> <p>Òdinèman, li pa pote repons pou sitwayen vilaj yo, bezwen yo, sòf nan ka katastwòf, oubyen nan kèk pwojè finansye, oubyen nan ka api teknik etranje. Fonksyonè yo plenyen, yo pa gen ase teknisyen nesesè, kondisyon fizik ak salè travay yo, pa gen anyen sou plas travay kote yo ye a, nan kolektivite yo, etablisman yo gaye nan vilaj la, mwayen transpò yo pa reponn, elt.</p> <p>Akòz administrasyon territoryal la pa bay rezulta, sa ankouraje gen yon pakèt ak yon bann inisyativ gwoup sitwayen vilaj yo pran, apre se pakèt ONG yo ki parèt. Malgre tout bagay, sitwayen yo toujou ap tann sèvis piblik òganize regilye ki gen kalite pou tout moun.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Administrasyon territoryal la dwe :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Bay popilasyon an sèvis debaz, avèk ekite, regularite e selon bezwen yo ;</li> <li>• Bay enfòmasyon sou « <i>jwenn sèvis piblik yo</i> », lokalize ak lè yo bay yo ;</li> <li>• Chèche kolaborasyon kominote lokal nan bay sèvis yo ;</li> <li>• Pèmèt pèsonèl travay la <i>jwenn mwayen materyèl</i> ak finans pou yo ka bay yon sèvis kalite ;</li> <li>• Mete kanpe yon sistèm piblik-prive pou veye sou bay sèvis piblik yo ;</li> <li>• Gaye enfòmasyon piblik yo pou sitwayen komin nan tankou, sèvis ki bay demach administrasyon pou tout bagay klè nan jesyon afè piblik yo.</li> </ul>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Kominote vilaj yo idantifye bezwen yo.</p> <p>Repanse jan administrasyon sèvis piblik la òganize pou bay sèvis yo, tankou redistribisyon konpetans yo, resous yo ak lòt zouti, materyèl, ak ekipman bay anplwaye sou teritwa yo (Leta, Kolektivite Territoryal yo, asosyasyon, aktè lokal, sèvis dekonsantre, asosyasyon charite, ONG, ak lòt).</p> <p>Lwa konsènan prestasyon sèvis nan teritwa yo pou mete disponib.</p>

## ***Mezi 4.4 : Bon gouvènans territoryal***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Leta ak sèvis li yo absan nan teritwa yo. Konsa komite vilaj yo devlope pratik jesyon teritwa selon bezwen yo ak jan yo konprann espas la, espas yo. Yo konsidere pwoblèm, mwayen solisyon yo, ak jan yo wè posibilité solisyon k ap vini yo. Se yon gouvènans territoryal ki baze sou reyalite moun yo ap viv depi plis pase de syèk ap koud pratik sosyal, tradisyon ak rezo yo, yon mòd lavi nan viv li ak bout zong yo, poukont yo nan kondisyon difisil.</p> <p>Leta ap tounen timidman / ankativini / pezape nan teritwa yo. Epoutan, yo pa te janm ap tann Leta, plis pase nan moman gran mizè kòryas sa a, yon mizè ekonomik ak sosyal ki akonpaye yon kriz pete fyèl, yon sistèm politik souf li prèske koupe.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Anvisaje soti nan men Leta, kojestyon efikas teritwa ansanb avèk otorite lokal yo, asosyasyon, antrepriz, inivèsite, sendika, enstitusyon ak aktè teritwa yo.</p> <p>Yo etabli ak negosyasyon lòd priyrite yo, pouvwa ak responsabilite, finansman ak resous nesesè, kalandriye yo, règ ak modalite peye taks yo nan teritwa kolektivite a, swivi ak evalyasyon aksyon piblik la, tablo dinamik risk yo, elt.</p> <p>Etabli politik piblik solid nan kesyon developman ekonomik ak sosyal, desantralizasyon ki pouse teritwa yo nan yon fòm ko-developman oryante nan yon developman dirab, yon administrasyon ki pote yon modèl developman chwazi, patnè piblik-prive (PPP) ak envestisman prive, demokrasi lokal, kreyasyon espas piblik, patisipasyon sitwayen (fi / gason) ak rann kont.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Nouvo vizyon Leta sou refondasyon territoryal la ak gouvènans patisipasyon territoryal la.</p> <p>Kreyasyon espas okazyon ekonomik, echanj, enfrastrikti, fòmasyon, politik yo.</p> <p>Re-òganize gouvènans territoryal la nan nivo politik administrasyon, ak taks yo.</p>

## ***Mezi 4.5 : Angajman sitwayen***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Angajman sitwayen se yon levye pou pouse aksyon refòm administrasyon publik la, favorize yon administrasyon publik territoryal grandi. Li dekoraje ak fòs divès fòm koripson. Angajman sitwayen an kapab ede tou relanse aktivite ekonomik yo oubyen nenpòt sektè aktivite.</p> <p>Angajman sitwayen an prezante nan finisman seksyon sou administrasyon publik la. Se pou montre enpòtans li ka genyen, li kapab fè aparèy administrasyon an fè bak nan desizyon aksyon ak pwojeksyon yo. Sa se yon bay ki novo nan pratik kominote a pou reklamasyon an Ayiti. Pratik sa a kapab bay pi bon rezulta ak mwens vyalans pase plizyè manifestasyon nan lari yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Devlope yon estrateji rezo sosyete a pou aji ansanm ak / oubyen nan regwouzman enterè yo.</p> <p>Etabli yon plan rezo oubyen lyezon pou kreye yon gran regwouzman patnè ak asosye baze sou enterè yo.</p> <p>Reyalize espas ak aktivite dyalòg ant otorite lokal yo ak sosyete civil la.</p> <p>Sansibilize popilasyon a sou ansanm Iwa, Konstitisyon ki konsènen administrasyon publik la.</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Bati estrateji nan objektif reyini divès aktè sosyal pou pataje konesans, ak eksperyans, nan yon bi kominotè, pou ranfòse refleksyon ak aprantisaj sou yon tèm espesyal.</p> <p>Idantifye gwoup miltiplikatè yo (asosyasyon jèn, fanm, plantè, pwofesyonèl, antreprenè, sendika ...) gras ak yo, rapwochman sa a ap pèmèt fè echanj yo ak lòt gwoup.</p> <p>Fikse detay etap plan rezo a (objektif estrateji a, lis gwoup kle, baz done yo, paj wèb, elt).</p> <p>Prevwa akò ak konvansyon pou pouse patisipasyon sitwayen yo. Chak akò, se yon angajman ekri selon kapasite, mak fabrik ak enterè moun ki siyen l yo. Li pèmèt jwenn yon asosye oubyen yon patnè, idantifye sijè enterè komen yo, pran angajman epi siyen konvansyon an.</p>

## 5 – EKONOMI



Ekonomi ayisyen an te konnen yon faz enstabilite ant 2008-2013, apresa li vin konnen yon faz ralantisman aktivite yo ant 2014-2018. Okazyon devlopman yo anpil an Ayiti men gen anpil baryè ki bloke yo. Anpremye peyi a gen yon pakèt feblès nan sèten domèn pwodiksyon tankou enfrastrikti dlo, enèji ak transpò. Andezyèm yon bann mank nan nivo resous moun ki soti nan bezwen ranfòsman sèvis edikasyon ak lasante. Antwazyèm, fòk nou souliyen prèske pa gen posibilité finansman (mache kredi a fèmen) epi yon distribisyon inegal revni yo. Anfen, Ayiti konte sou enstitisyon piblik yo ki gen difikilté nan mete kanpe, jere ak kontwole politik ak pwogram piblik yo, sa ki ka limite oubyen ralanti efikasite entèvansyon gouvènman yo.

Gen lòt faktè ankò ki vin ajoute tankou enstabilite politik enstitisyonèl ki make peyi a ant 2015-2018, tankou diferan fenomèn klimatik ekstrèm yo ki kontribye pou afebli pèfòmans ekonomik la depi 2010.

*Nan kontèks sa a, politik makwo-ekonomik yo ki pote mak yon bidjè repos ap fondamental pou pote kondisyon pou pèmèt rive nan yon rit kwasans ekilibre nan ane k ap vini yo. An patikilye pou yon finans piblik pi solid, yon faktè fondamental se investi nan ranfòsman kad enstitisyonèl finans piblik yo ak bidjè a. (Arenas de Mesa, 2019, p. 13)*

*Youn nan prensipal demann kounye a an Ayiti se kase sitiyasyon lamizè ak inegalite ki gaye toupatou nan peyi a. Pami prensipal enstriman ki genyen kòm repons se politik sosyal yo, an patikilye, politik pwoteksyon sosyal yo, epi politik finans piblik (resèt ak depans piblik yo). Relasyon kole kote pamí politik finans piblik ak pwoteksyon sosyal la se sitou, pamí lòt faktè, se enpòtans pati depans pwoteksyon sosyal la nan depans piblik total la kòm ekzanp, prèske 50% depans piblik gouvènman santral nan Amerik Latin yo se pou depans sistèm pwoteksyon sosyal. Se domèn ki plis parèt nan politik bidjè a ki konsènen repatisyon resous yo. An Ayiti, yo obsève yon lòt sitiyasyon, kote depans sosyal yo reprezante 22,6% nan depans piblik total la. (Arenas de Mesa, 2019, p. 23)*

Nan sijè sa a « Ekonomi » n ap prezante senk (5) mezi. Yo pa gen pretansyon reponn tout bezwen yo. Men se omwens imaj ansanm kesyon divès gwoup yo, nou te rankontre atravè peyi a.

Mezi 5.1 : Jwenn enfrastrikti yo

Mezi 5.2 : Jwenn mache

Mezi 5.3 : Mete patrimwàn yo anvalè

Mezi 5.4 : Pwodiksyon, transfòmasyon, komèsyalizasyon

Mezi 5.5 : Resèt fiskal

## MO KLE YO

**Enfrastrikti** : Se tout konstriksyon, ekipman yo bezwen pou yon peyi oubyen yon kolektivite fonksyonnen, tankou :

1. Wout pou transpò machandiz, moun (se chemen, gran wout, pon ak pò / ayewopò) ;
2. Enfrastrikti enèji (santral pwodiksyon enèji ak gaz, dlo, solèy ak van) ;
3. Enfrastrikti agrikòl (baraj ak kanal irigasyon, ak dren) ;
4. Enfrastrikti pwoteksyon ravin ak bèj rivyè yo, pwoteksyon tè yo ;
5. Enfrastrikti pou distribisyon dlo pou bwè ;
6. Enfrastrikti pou pwodiksyon ak komès (pak agwo-endistriyèl, pak estoke pwodwi agrikòl, mache piblik, abatwa).

**Mache** : Kote vandè ak achtè rankontre, kote yo chanje byen ak sèvis. Se tou, tout kote (menm relasyon ant aktè yo) vann ak achte byen ak sèvis ap fèt nan komin nan.

**Patrimwàn yo** : Se tout byen materyèl oubyen imateryèl ; youn nan mak fabrik li, se tabli relasyon ant jenerasyon pase ak sa k ap vini yo. Se yon eritaj, yon pwodwi listwa plizoumwen ansyen, yon teritwa, yon gwoup sosyal. Peyizaj yo, sit/anplasman yo se pati richès patrimwàn komèn an. « *Patrimwàn nan kounye a, li parèt tankou yon resous pou bay valè nan pwojè yon devlopman ekonomik ak sosyal teritwa a ki genyen I.* » (Vernières, 2011, site nan Techniques Financières et Développement, 2015/1, No. 118, pp. 7-20, <https://www.cairn.info/revue-techniques-financieres-et-developpement-2015-1-page-7.htm>).

**Resèt fiskal** : Se enpo sou revni ak benefis, kotizasyon sekirite sosyal, taks sou byen ak sèvis yo, prelèvman sou salè, enpo sou eritaj ak dwa mitasyon, epi lòt enpo ak taks.

## ***Mezi 5.1 : Jwenn Enfrastrikti yo***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Agrikilti a se nannan ekonomi ayisen an. Selon BRH, an 2016, sektè a reprezante 21% PIB ak anviwon 60% popilasyon aktif la. Pozisyon agrikilti a, tèlman li dominen nan ekonomi an, montre enpòtans devlopman agrikòl la nan kwasans ekonomik peyi a.</p> <p>Menmsi se levye pou yon devlopman agrikòl, enfrastrikti kominal ak riral yo pa pare oubyen yo pa ekziste. Absans enfrastrikti sa yo fè depans pou pwodiksyon yo byen wo, epi anpil difikilte pou pwodwi yo sikile, tousa antre trave pwodiksyon agrikòl la ak revni pwodiktè ak pwodiktris yo ogmante.</p> <p>Relans envestisman pou konstriksyon nouvo enfrastrikti riral yo, ak antreten, sa ki ekziste yo se mezi ki endispansab pou devlopman ekonomik la.</p> <p>Mete anplas ak jesyon tout enfrastrikti yo mande nesesèman tout nivo nan gouvènman an konsète, patisipe ansanm ak sosyete sivil la, sektè prive a.</p> <p>Wòl, responsabilite ak nivo angajman aktè lokal yo diferan dapre kalte enfrastrikti yo, ekzanp : yon baraj elektrik, yon pò oubyen yon abatwa minisipal, wout riral yo.</p> <p>Men kèlkeswa kalite enfrastrikti a oubyen gwosè li, yo dwe konsilte aktè lokal yo pou planifye epi souvan, yo patisipe nan jesyon yo.</p> <p>Nan kèk ka, envestisman yo dire pi lontan lè aktè lokal yo patisipe nan jesyon yo, epi sitou nan finansman pou fonksyonman enfrastrikti sa yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Ranfòse aksè enfrastrikti bazik ak agrikòl (pou desanklave zòn pwodiksyon yo ak devlope enèji renouvlab) pou stimile potansyèl pwodiksyon ak konpetitivite diferan sektè ekonomik ki enpotan pou komin ansanb ak seksyon kominal yo.</p>

<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>An akò ak posiblite devlopman ekonomik ki la, fòk yo mobilize sou travay sa yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Reyalize yon envantè prensipal enfrastrikti disponib nan rejon an, epi reyalize yon ankèt pou evalye eta yo, epi kòman yo jere yo ;</li> <li>• Etabli priyорite pou kalite enfrastrikti pou repare oubyen mete anvalè ;</li> <li>• Òganize fòmasyon aktè lokal ak benefisyé yo, pou yo kapab etabli altè-nativ posib pou reparasyon, yon modèl jesyon, ak rann kont ;</li> <li>• Òganize deba piblik epi travay pou adopte yon plan reparasyon plizyè faz pou mete anvalè yon pi bon fason enfrastrikti sa yo ;</li> <li>• Mobilize resous, epi siyen kontra angajman pou yon jesyon patisipatif.</li> </ul>
--------------------------------	---

## ***Mezi 5.2 : Jwenn mache***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Yon mannyè jeneral, apwovizyonman byen an Ayiti fèt apati pwodiksyon nasyonal ak enpòtasyon ki soti sou mache mondal la (avèk enpòtasyon lòtbò fwontyè ki soti Repiblik Dominikèn). Pi gwo pòson danre ki pwodwi nan peyi a vin vann nan mache nan zòn Pòtoprens lan. Pwodwi enpòte yo, yomenm yo ale nan lòt direksyon, yo soti prensipalman Pòtoprens pou ale nan direksyon rès peyi a.</p> <p>Pwoblèm jwenn mache, poze nan 2 nivo, sa konsènen alafwa achte ak vann pwodwi agrikòl yo, men egalman achte ak vann founiti ak materyèl agrikòl yo.</p> <p>Depans transpò reprezante yon gwo moso nan tranzaksyon tout longè chenn nan. Peyi a plen mòn, sa fè sikilasyon moun, byen, sèvis, difisil anpil. Se yon faktè ki jwe anpil sou komès epi jwenn pwodwi nan zòn ki difisil yo.</p> <p>Aktivite agrikòl yo se yon sous mwayen sibzistans pou apeprè 80% fami ayisyen yo. Nan sans sa a, mache agrikòl la, ak pwodwi alimantè yo gen yon enpòtans kapital nan ekonomi an nan nivo diferan Kolektivite Teritoryal yo.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Fè pwomosyon pou jwenn mache pou pwodiktè ak pwodiktris nan nivo komin ak seksyon kominal yo nan lite kont kontrebann, epi plede anfavè politik komèsyal ak alimantè ki adapte.</p> <p>Isit la, nou anvizaje defèt ne yo, kraze kontrent tranzaksyon ak echanj pwodwi ki anpeche ti eksplwatan yo kapab konekte ak mache yo epi ak lòt mache (founiti, materyo, tè, travayè, kredi ...).</p>
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p>Pledwaye pou mete kanpe bank agrikòl pou peyizan yo pou jwenn kredi ;      Pledwaye pou mete anplas estòk pwodwi pou stabilize pri ak estòk pwodwi alimantè (ekz : tankou lide magazen leta) ;      Louvri wout agrikòl, konsti pon pou pèmèt peyizan yo ale nan mache ;      Mete taks kominal sou pwodwi agrikòl ak alimantè enpòte yo ;      Swiv pri mache yo (pwodwi rekòt, semans, materyèl yo, elt) ;      Plede pou yon revizyon tarif dwàn ak dwa dwàn pou enpòtasyon.</p>

## ***Mezi 5.3 : Mete patrimwàn yo anvalè***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Sa toujou rete yon defi pou Ayiti : chache altènativ ekonomik nan pwofi kominote lokal la, pou fè bese presyon moun yo sou resous natirèl yo (bwa). Developman zòn riral ak mòn yo kapab fèt sèlman sou baz yon divè-sifikasiyon aktivite ekonomik yo ak sousi prezève resous natirèl ak patrimwàn yo.</p> <p>Mete sit natirèl, ekolojik, kiltirèl, istorik yo, elt. anvalè gen anpil aspè, se youn nan levye developman ekonomik ak sosyal teritwa yo. Efè pozitif li yo sou ogmantasyon revni popilasyon yo atravè valorizasyon filyè pwodiksyon agrikòl ak atizanal, kapab patisipe anpil anpil pou amelyorasyon kondisyon lavi popilasyon yo epi pou diminye presyon sou anviwònman an.</p>
<b>Objektif mezia</b>	<p>Mete richès patrimwàn materyèl yo anvalè (sit natirèl, ekolojik, kiltirèl, istorik yo) ak non-materyèl yo (tradisyon, istwa, kizin, fèt yo, elt) sou diferan teritwa yo pou mare plis ak lokalite a epi kreye lòt sous revni.</p>
<b>Deskripsyon mezia</b>	<p>Identifye epi fè envantè tout posibilité teritwa a (sit atraksyon, tradisyon, nivo òganizasyon, elt) ;</p> <p>Identifye defi ak enterè yo, reflechi sou mezi yo pou eksplwate posiblite yo epi sou diminisyon risk ki te identifye yo ;</p> <p>Mete kanpe estrikti jesyon yo epi plan jesyon patrimwàn yo (jesyon kominal).</p>

## ***Mezi 5.4 : Pwodiksyon, Transfòmasyon, Komèsyalizasyon***

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>An Ayiti, Agrikilti okipe 44% teritwa a, òganizasyon pwodiksyon an avèk tout sa ki mache ak li, reprezante yon defi ak enterè fondamantal pou tout aktè yo, pwodiktè, konsomatè avèk kolektivite territoryal yo. Konsa, relokalisasyon agrikilti ak alimantasyon an, gras ak yon òganizasyon filyè ekitab yo ap kontribye nan devlopman lokal la, nan relasyon dinamik teritwa epi ak defi / enterè sante piblik, atravè jwenn manje, pwodwi biyo pou tout moun.</p> <p>Se pou favorize tranzisyon agrikòl la yon mannyè dirab pwodiksyon an pou garanti konsomasyon lokal la avèk pwodwi biyo epi fasilité agrikiltè biyo yo rankontre, oubyen nan faz tranzisyon, demann nan ap toujou pi gwo an pwodwi biyo. Filyè agrikòl yo merite pou òganize yo depi nan tèt (faktè pwodiksyon garanti, ankadreman teknik pwodiktè yo, kredi sipèvize, ekipman kolektif anrapò ak aspè teknik yo, boutik entran agrikòl yo, elt), anba (komèsyalizasyon pwodwi, òganizasyon « Madan Sara », elt) nan objektif pou pwodiktè yo (fi kou gason) jwenn benefis yo.</p> <p>Kolektivite territoryal yo dwe soutni novo aktè yo parèt, jèn yo an patikilye epi, lòt fason yo fè. Sou teritwa a, se soti nan lojik konkiran lan pou kon-santre sou lojik koperativ. Ak yon mòd gouvènans ki enplike tout kolektivite territoryal konsènen yo, sou teritwa a, ki ankouraje koperasyon aktè (fi kou gason) teritwa a, ki ba yo konfyans ak mwayen pou devlope ansanm yon pwojè nan yon ti tan oubyen pou lontan. Objektif konstwi ansanm nan avèk pwodiktè (fi / gason), dirèk, epi ekitab biyo, patnè sistèm altènatif la ap pèmèt founi yon analiz sistèm kontèks teritwa yo : karaktè esansyèl yo chak, ak bezwen yo, epi konsa reponn pi byen bezwen teritwa a.</p>
<b>Objektif mezi a</b>	Ranfòse pwodiksyon an, transfòmasyon ak komèsyalizasyon agrikòl la.
<b>Deskripsiyon mezi a</b>	<p><b>Ranfòse pwodiksyon agrikòl la, antan n ap :</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Lite kont kontrebann sou tout fwontyè yo, sou tè ak lanmè ;</li> <li>• Regle enpòtasyon pwodwi agrikòl sou tout peyi a (presyon kolektivite territoryal ekzèse sou Leta santral) mennen lib konkiran (fikse kota, politik tarif) ;</li> <li>• Entèdi elvaj lib ;</li> <li>• Fè envantè tout resous teritwa a ;</li> <li>• Sistematik fè trasabilite bèt ;</li> <li>• Mete kanpe yon sistèm kredi oryante, sipèvize ak sous finansman pwòp;</li> <li>• Ankouraje sèvis è pou agrikilti a ;</li> </ul>

- Apiye kreyasyon koperativ pwodiktè (fi / gason) lokal (soutyen finans, teknik, lokal ...);
- Mete kanpe yon politik aktif pou soutni pwojè enstalasyon agrikòl (politik fonsye, yon pwen esansyèl pou limite tè yo fè lòt sèvis ki pa t pou yo) konvèsyon an biyo, pwojè filyè yo, ak kolektivite ki gen pouvwa nan devlopman ;
- Asire pwoteksyon resous natirèl yo (tè, dlo, forè yo) ak yon pratik agrikilti ki lokal, konsèvasonis, entansif, kapab redwi feblès popilasyon yo nan ka katastwòf natirèl yo ;
- Kòdone, amonize aksyon ONG yo, sou teren an nan domèn agrikòl ;
- Ranfòse aksyon pou jwenn dlo irigasyon.

#### **Apiye transfòmasyon ak komèsyalizasyon nan :**

- Fè pwomosyon filyè agwo-alimantè ak filyè ekspòtasyon yo ;
- Devlope yon nouvèl estrateji komèsyalizasyon ;
- Mete kanpe an prevansyon yon rezo sekirite ak estokaj ;
- Devlope yon sistèm ki ensite konsomasyon lokal ;
- Devlope yon metòd fè pwomosyon pou konsomasyon lokal ak enfrastrikti nan apwovizyonman / ekoulman pwodwi yo. Pwenn sa a devlope nan yon lòt mezi ;
- Entegre mache agrikòl dominiken ak ayisyen sou tout fwontyè a ;
- Devlope yon estrateji komunikasyon pou aktè yo sou gwo kalite nitrisonèl ak alimantè sèten kilti, posiblite mache a ofri pou pwodwi agrikòl yo, etikèt byo pwodwi agrikòl yo, mache « ekitab » ak mache pwodwi lakay Ayisyen yo aletranje, elt ;
- Ògmante kapasite repons epi adaptasyon ak règlementasyon kalite ki pi novo yo ;
- Fè konnen nouvèl teknik sechaj ak estokaj pwodwi ki ka gate yo.

<b>Kontèks ak jistifikasyon</b>	<p>Tankou anpil lòt peyi, Ayiti depann anpil sou taks ak dwa Leta enpoze sou echanj komès entènasyonal pou asire fonksyònman I : 60% resèt fiskal peyi a soti nan taks ak dwa ki peye sou fwontyè, tankou dwa dwàn, frè enspeksyon, ak taks sou lavant oubyen dwa-dasiz sou byen enpòte ; 36% touche sou divès fòm nan Pòtoprens. Pwovens la, okontré sanble anpil yon zòn franch, san taks : li pwodwi sèlman 4% resèt nasyonal yo.</p> <p>Nonsèlman chema sa a gen yon enkonvenyan se kenbe resèt Leta yo nan yon nivo ki fèb, men li bese ofiyamezi : Mezi sa yo pafwa koute anpil pou pòv yo tankou rich yo. Poutan yo dwe tounen yon zouti enpòtan nan kons-triksyon Leta modèn nan, paske se okazyon pou pouse yon rapò ak dyalòg pi dirèk ant sitwayen ak Leta.</p> <p>Ekzonerasyon fiskal yo, èske se pa ta youn nan rezon ki fè yon pati enpòtan resèt yo pa rive nan kès Leta ?</p>
<b>Objektif mezi a</b>	<p>Fè pi plis resèt fiskal rantre nan kès Leta pou ogmante sèvis Leta bay so-syete ayisyen an.</p>
